ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№14 (22.172) ● 2012 гъэм щIышылэм (январым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен: «ЩIы IуэхуР зэфIэдгъэкIыну и чэзу хъуащ»

Гъубж махуэм КъБР-м и Правительствэм и Iуэтащхьэ щIы реформэм зыхуэгъэхьэзырырымрэ ар егъэкIуэкIыныкIэ республикэ комиссэм и зэIушIэ. Ар къыщыхьэIуихьм Къаокъуэ Арсен г епсэлъыхьаш мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным теухуауэ УФ-м и апэ вице-премьер Зубков Виктор Ставрополь къалэм иджыблагъэ щригъэжIуэжа зэIушIэм зэрыхэтам.

КъБР-м и Iэтащхьэм зэрыжIамкIэ, абы къыщыхилъхьащ юридическэ IэнатIэхэм къадэкIуэу уней лъапсэхэм къыщызэрагъэпэща IэнатIэхэр зезыхьэхэми бюджетым щыщахъщэкIэ ядэпэкIыну. «Ди республикэм щыщ куэдым, иджырей технологие пэрытыр къагъэсэбэпуэ, жыг хадэхэр зэрахьэ, хадэхэкIэр кърахьэлIэ икIи апхуэдэхэм защIэгъэкъуапхъщ. Абы и лъэныкъуэкIи, гъэш къэзылэжьхэм Iусыпхэз къэщэхуным трагъэкIуадэ ахъшэм щыщ IыхьэI яхуэпшынысыжьымкIи, мэкъумэш зэIуцIэщIхуэхэр къыдэгъэпэщыныжьмкIи къыддэIэпыкIыну дыкъагъэгугъащ. Мэкъумэш хозяйствэм, псом япэу жыг хадэхэр хэсэным, хадэхэкIхэр теплицэхэм щыгъэкIын я пъэныкъуэкIэ республикэм иI ехъулIэныгъэхэм а зэIушIэм пщIэшхуэ щагъуэтащ. Мэкъумэш бизнесым зегъэужьыныкIэ, лэжьэкIэщIэхэм щыгъуазэ зыщIыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэхуэсхIэ хъарзынэ хьуфынут», - жиIащ Къаокъуэ Арсен.

ЗэIушIэр щIыхьэхьэ Iуэху нэхъыщхьэм - щIы Iуэхум ехьэлIауэ республикэм и Iэтащхьэм къыхиГъэщхьэхуIащ «а лэ жьыгъэр нагъэсыну и чэзу зэрыхьуар, щIы реформэм теухуа зэныкъуэкъуэм къыхэкIыу IуэхуI пыуыкIахэм хуэкIуэн, щIыр къыззрыгъэсэбэпыпхъэхэр къыхэпхъхьэн, абыкIэ щыIэ хэкIыпIкъэр убзыхун зэрыхьуейр».

«Дэ уней мыпхъум дыхуэмыкIуэу хъунукъым. Сэ цIыху куэдым сахуэзащ икIи абы теухуауэ сепсэлъащ. Мыпхъущхуэ зыбгъэдэлъхъэм щIым фейдэ нэхъыбэ къыпаихьф. Ауэ къуажэ жылагъуэм и Iэтащхьэм унафэ зытрищIыхьэ щIым къыпахыщхуэ щыIэкъым - хьэсэкэр ильэс бкIыгъэкIэ ямывэу щекIуэкI щыIэщ. Дэ тэмэму зыгурыдгъэIуапхъэщ: иджыпсту мэкъумэш хозяйствэм къыщагъэсэбэп технологиехэр щIэгъэкъуэн кIыщIын папщIэ мыпхъущхуэ зыбгъэдэмыпIэ щIыхум езым и щIы IыхьэI иIэжым хуейщ. Апхуэдэу жылагъуэхэм зажьжьын папщIэ яхуэфащэн щIын къэгъэнапхъэщ. Апхуэдэ щIы гъэтIылъыгъэкэр бэджэнду ят хъунущ, ауэ ахэр «пъэныкъуэ щрагъэз» къэбгъэхъункIэ Iэмал иIэжым - щIыр зыхуэфащэ жылагъуэхэм дэсхэм иIэщIэлъын икIи_а жылагъуэм зиужьин папщIэ къагъэсэбэпын хуейщ», - къыхигъэщхьэкуIащ Къаокъуэ Арсен.

КъБР-м къэрал мыпхъумрэ щIы Iэжьхэмкъэ и министр Лыдыкъэ Хьэбдулэсэлам зэрыжIамкIэ, комиссэм идкIыдри къыIэрохьэ щIыр къыззрыгъэсэбэпыпхъэм теухуауэ щIыхуэм къыхалтъхьэр, ЗэрыщIту къапщтэмэ, абыхэм я купщIэхэр зэтохуэ икIи зыхуэгъэзэар ванIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ ящыщI IыхьэI пIыхьыкIам фIэкI уней мыпхъу мыгуэшынырц. Комиссэм хэтхэр апхуэдэу зэакъылэгъу хъуащ къуажэкэм къегъэщIылIа хъупIэхэр зэпыпчу хэбгуэшну зэрымытэмэмкIэ. Зэныкъуэкъу пыуыкIахэр щыIэнкIэ зэрыхъунум къыхэзыкIу, ахэр зэбгъэзыгъэкI закон щхьэхуэ къамыщтэу зэчунукъым. Апхуэдэу къыхалтъхьащ щIым щыщ Iыхьэр къэрал, муниципальнэ гъэтIылъыгъэр къэгъэнэн хуейщ.

Лыдыкъэ Хьэбдулэсэлам зэIушIэм хэтахэр щыгугъаз иIащ КъБР-м и Iэтащхьэ Къаокъуэ Арсен къэралым и унафэщIхэм зэрызахуигъэзам ипкъ иткIэ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ щIыуэ гектар мин 70 республикэм и муниципалитетхэм я мыпхъум хагъэхьэжьну УФ-м и Президентым зыхуэфащэ IэнатIэхэм я пщэ зэрырагъэхьам. А щIыхэр дыззрыт илъэсым и апэ Iыхьэм къриубыдэу муниципалитетхэм ыратыжынущ.

Къаокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхуIащ реформэр егъэкIуэкIынымрэ дызыхуэкIуэ илъэсым ираГъэкIуэн щIыхьэр, щIыр щыщ IыхьэI я мыпхъуэ зэрыратыну щыкIэр абы, апэ кхуэзу зэрызыбгъэхьэхуэр. КъБР-м и Iэтащхьэм быдэу жиIащ щIыхуэхэм щыгугъаз заущIын, тепсэлъыхьын икIи зыхуэфащэ Iуэхуэхэр къыхалтъхьэн папщIэ реформэр егъэкIуэкIынымкIэ проектыр щIыхуэб хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыззрытрадзэнур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къаокъуэ Арсен сымаджэщыр къепльыхь.

Тэмэму зэхэгъэкIыпхъэу къелъытэ

ЩIышылэм и 26-м КъБР-м и Iэтащхьэ Къаокъуэ Арсен Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым щыIащ. Абы щIигъуащ КъБР-м и Правительствэмрэ и Унафэщ Гертер Иванрэ щIышылэм и яп махуищIым дунейм ехыжа сабийхэр зэрылIыкIа щхьэусыгъуэхэр зэхэзыгъэкIыну къыззрагъэпэща къэщIыгъакIуэ гупым хэтхэмрэ.

СЫМАДЖЭЩЫР кьыпльыхьу, дохутырхэм епсэлъа нужь, Къаокъуэ Арсен журналистхэм къажриIащ правительствэ комиссэм, Следственнэ IэнатIэм Iуэхур и кIэм нэсу зэхамыгъэкIауэ, къэхъуам и щхьэусыгъуэм утепсэлъыхьыну зэрыпаосэр.

- Сэ пэжыр наIуэ къэщIыным срителъхьэщ, ауэ деп IэщIэкIрэ Iуэхур тэмэму зэхэдмыгъэкIыу дыщыуэу ди медицинэм ныбжь Iей тредгъэдзэныр Iэмал зимыIэщ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - ИрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къыззрагъэлъагъэумкIэ, сабий нэхъ мащIэ дунейм щехьжэм ди республикэр хабжэ. Абы и лъэныкъуэкIэ къэралым еIуанэ увыпIэр щыгъуащ. Си гугъэмкIэ, ар щыхьэт тохьуэ ди дохутырхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм. Къэхуам и щхьэусыгъуэр тэмэму зэхэкIын хуейщ икIи дохутырхэм я сымыгугъыныгъэ гуэр абы хэлъамэ, ткIийуэ жэуап яхьынущ. Сымаджэщым и щытыкIэм и гугъу пщIымэ, иджыпсту абы зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI, Iэмэпсымэщ Iэхэр къыхущIэху, гупым я гур лэжьыгъэм хуэзIухащ. Пэжщ, дэтхэнэ зы медицинэ IуэхущIапIэми хуэдэу, мыбыи гугъуехь щхьэхуэхэр щыIэщ, ауэ ахэр зэрызэфIэтхыным дихуущIэкъунущ.

Къаокъуэ Арсен и къэпсэльэныгъэм къыззрыхэщамкIэ, сымаджэщым иджырей мардэхэм тету зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щегъэжIуэжыным мы гъэм сом мелуан 40 хухахащ, абы хьыхь унэхэр (корпуси 4 мэхъу) псори зыхуей хуэгъэзэжьынымкIэ щIыгъуэ сом мелуан 80 ихьынущ.

- Дохутырхэм я гукъеуэм дедIуащ, реанимацэ къудамэр зэдгъэльэгъуащ икIи зэман гъунэгъым къриубыдэу абыхэм я лэжьы-гъэм хэль гугъуехьэм хэкIыпIэ къызэрыхуэдгъэутынум и ужь дитынущ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЩIХЬЭЩЭМЫЩIИзэ.

● Дыгъуасэ

Унафэщ Iыр зэрахъуэкI

Дыгъуасэ, щIышылэм и 27-м, Налшык къалэ дэт «Синдикэ» хьэщIэщым щекIуэкIащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарыр зэхъуэкIыным теухуа зимычэзу зэхуэс.

ЗэIУЩIЭМ кърихьэлIахэт партым и политсоветым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къаокъуэ Арсен, республикэм и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, нэгъуэщIэри. Псалъэ кьищтащ политсоветым и унафэщIу лэжьа Жаным Руслан:

- Политикэм хэтыкIи хэкIыжькIи пщIэн хуейщ. Сэ сащыщ апхуэдэу Iэхум бгъэдыхьэхэм. Хуит сыкъэфщIмэ, сыныволъэIу: иджыри къэс сIыгъа Iэнатlэр сшхьэщIфхьу, а къалэныр политсоветым хэт Жаморэ Владимир дзыхь хуэфащIыну.

Республикэм и Iэтащхьэ Къаокъуэ Арсен зэIущIэм къекIуэлIа псомкI къафIэщэдзкIыу Жаным Руслан фIыщIэ хуищIащ иджыри къэс «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветым и тхьэмадэ къалэныр зэригъэзэщIамкIэ.

Къаокъуэ Арсен зэхьихьэм къекIуэлIахэр иджыри зэ къыхуриджащ гъатхэзэр и ужь. Абы и щIыналъэхэм зэхуэсыныгъэ хэлъу зыхуагъэхьэзырыну, абы и пэ къихуэу цIыхухэм зэхьыбгъэ яхуэзэну.

- Фи фIэщ фщIы, - жиIащ Къаокъуэм, - къулыкъу щыфщIэ пэшхэм фыкъыщIэкIрэ фахьыхьэмэщ цIыхухэр къыщыфхудэхьэхыну фи мурадхэр щагурыбгъэуэфынури. Иужьрей илъэс зыбжанэм республикэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ хуэзэфIэкIахэр, щхьэщытхъу хэмылъу, ягурыбгъэуэфын, къералым игъэбелджыла Iуэхугъуэщ Iэхэм зэхаIкуэхэр щыбгъэгъуэзэн хуейщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къалэн нэхъыщхьэхэм топсэлъыхь

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и еханэ пленарнэ зэIушIэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ.

АБЫ ХЭТащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Iэтащхьэ Тау Пащыкъан, абы и къуэдзэхэу Аттаев Жамалрэ Федченкэ Людмилэрэ, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацым и Унафэщым и апэ къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым сымэ.

ЗэIушIэр къыззIуихри, Тау Пащыкъан убгъуагъэ тепсэлъыхьащ Жылагъуэ палатэм и къалэнхэмрэ ахэр зэфIэха зэрыхьурэ.

АдэкIэ комиссэхэм я унафэщIхэу Ажахъуэ Къанщобий, Бэрокъуэ Владимир, Иуан Петр, Маслов Николай, Нэхущ Заурбий, Хутуевэ Светланэ сымэ щхьэхуэ къыгъеувыщащ и нэIэ щIэ унэтIыныгъэхэм щызэфIагъэкIаХэмрэ зрихьэлIэгугъуехьхэмрэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лъэныкъэр зыхуигъэпсын хуей унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр къэщтэным теухуауэ къэпсэлъащ Тау Пащыкъан, апхуэдэуи КъБР-м хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу зэрагъэувам къыхэкIыу Къумахуэ Мухьэдин Жылагъуэ палатэм къыхагъэкIыжащ.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Пщэдей

УсакIуэ уахътыншэ

Хабзэ дахэ хъуауэ, ильэс къэс щIышылэм и 29-м щыхуэхэр куэду щызэхуэс КIыщокъуэ Адам и фоепльым деж. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуэб усакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэралсаутэтым и лауреат, Социалист Лжьыгъэм и Щыхьэжь КIыщокъуэ Адам дунейм щехьажа махуэм ирихьэлIэу ирагъэжькIэ пэкIуэ ар.

ИДЖЫРИ щIышылэм и 30-м фоепльым деж щызэхьэхьэнущ къэрал Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, усакIуэхэр, тхакIуэхэр, щэныгъэлIхэр, лъэпкъ интеллигенцэр. Зи гуащIэм дихьэх, зи тхыгъэхэр уахътыншэ усакIуэр ягу къагъэкIыжынущ абыхэм, зи Iэдакъэщ IэкIэхмкIэ нобэми къытхэт лIы щэджащэм хуэщIыгъуэнущ.

ПэкIуэ сыхьэт 12-м щIидзэнущ.

ИСТЭПАН Залиф.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбарэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацым и деж щIыIэ

8(8662) 47-17-79, 47-32-56

телефонхэмкIэ.

Путиным и телъхьэхэри утыку йохьэ

«Хэхыныгъэхэр пэжу егъэкIуэкIыным къыщхьэщыжыным» къыхуеджэныгъэм щIэту мазаем и 4-м Мэкъуэ оппозицэм щригъэкIуэкIыну пэкIуэм пэджэжь президент къулыкъум щIэбэн Путин Владимир и телъхьэхэри узрамкIэм къыдыхьэну загъэхьэзыр.

«Урысейпсо лъэпкъ фронт» - м хыхьэ хэкупсэ, ветеран, профсоюз зэгуфэныгъэхэм къызэрагъэпэщ пэкIуэм цIыху мин 30 кърашэлIэну я мурадрэ. Ахэр Мэкъуэ щыIэ Поклонн Iуащхьэм и деж щызэхуэсынущ икIи президент къулыкъум и кандидат Путиным зэрыдэщIыр къагъэлъагъэнущ.

А махуэ дыдэм мин 50 кърихьэлIэу зэхэтыну оппозицэм и пэкIуэр Болотнэ утым зэрыщекIуэкIынур нэхъ пасэу лубзыхуакIэщ. Арщхьэкlэ ахэр зыхущIэкъунур нэгъущIщ - Путиныр аргуэру президенту крамыгъэхьыжьныр.

Назарбаевым лъэпкъым зыхуегъаз

Къазахстаным и президент Назарбаев Нурсултlан, ильэс къэс зэрихабзэм тету, лъэпкъым зыхуигъэзащ.

Абы къэралымрэ цIыхухэмрэ адэкIи я зыужьыныгъэм теухуа Iуэхугъуэ щхьэпэ зыбжанэ къыщыхилъхьащ. Къапщтэмэ, Къэзахстаным уухэн щыщIадзэнущ Жезказган - Бейнеу, Аркалык - Шубаркол гъущI гъуэгурэр. УхэзыгъэщIэхэм Iэмал къатынущ ахэр зыпхрыкIыну щIыпIэхэм щыпсэухэм я гущIэгъэ ирагъэфIэкIыну.

- Ильэс къэси хуэдэу процент 20 - 30-кIэ цIыхухэм я хэхъуэхэр къэтIэтынущ. Абы хохьэ улахуэр, пенсэхэр, сабий ахъшэхэр, нэгъэущIэхэр, - щыжиIащ Назарбаевым щIыпIэ Парламентым и етхуанэ хэхьэГъуэм и яп зэхуэсым къыщыпсалъэу.

Урысейм щыщхэр нэхъыбэрэ мэтхьэусыхэ

Тхьэусыхафэ мин 40-рэ 250-рэ Урысейм щыпсэухэм нэгъабэ щIалъхьащ Страсбург щыIэ Европэ судым. Ар зыхэплъа Iуэху псоми я Iыхьэ плIанэ мэхъу.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Европэ судым щытхьэусыхэныжьмкIэ Урысейм бжьыпэр бгъдэу иIыгъщ. Ахэр нэхъыбэу теухуащ къулыкъущIэхэм къыщыхьэхьэрахьэ лейхэм, зыщIыщ лъэпкъым, зэрахьэ диным ехьэлIауэ зэхэзехуэн зэращIым, гъащIэм яхуэфэщэн уныпIэ зэрыщрамыгъэгъуэтым, нэгъэущI куэдми

Уэздыгъэншэу къонэ

Урысей Ипщэм къыщыкъуэуауэ уаем и зэрэнкIэ Новороссийск къалэм щыпсэу цIыху минищым щIигъу уэздыгъэншэу къэнащ.

Уэсымрэ уаемрэ зэпаудащ электрокъарур зэрыкIуэ кIапсэ кущ. Абы къыхэкIыу токыр къэзыт станцхэу 3 къыззтеувыIэри, Новороссийск къалэмрэ абы и Iэгъуэблагъэм щыпсэу жылагъуэхэмрэ уэздыгъэншэу къэнащ.

Iуэхур икIащIыпIэкIэ ягъэзэжкIуэж. Арщхьэкlэ абы елэжь Iэнатlэ пыуыкIахэм я гугъуехьыр псыхэкIуадэ ищIынкIэ щынагъуэщ Новороссийск къыхуэкIуэу зыхуагъэфащэ жьапщэшхуэм. Абы зыщдахъумэну цIыхухэм хъыбар ирагъэщIакIэщ.

Наркотикзехьэ депутат

Санкт-Петербург щыщ депутат Лариковыр наркополицейхэм дыгъуасэ Мэкъуэ щаубыдащ. Абы гашиш килограммищым нэблагъэ къыкъуахащ.

УФ-м и Следственнэ комитетым и официальнэ лIыкIуэ Маркин Владимир журналистхэм къаззрыкриIамкIэ, депутатым иныгъа пхъуантэ цIыкIум гашиш зыкIуэцIыкIыхьауэ тхьылъымпIэ 30 дэлът. Щхьэмуэ камерэм иритыну зигъэхьэзыру ар яубыдащ.

Зэрыкъуаншэр зэхагъэкIмэ, депутат Лариковыр илъэс тIощIкIэ ягъэтIысынущ.

ЩIышылэм и 28, щэбэт

♦ Ядернэ Iэщэр мыдэным цIыхур уэзэщIэгъэуIуэным и дунеипсо махуэщ

♦ 1820 гъэм Антарктидэр къаухутащ.

♦ ПщIэншэу хъыбарегъащIэ тхыгъэхэр зытрадзэ «Из рук в руки» газетым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ ильэс 20 ирокIу.

♦ И ныбжьыр ильэс 50 ирокIу КъБР-м и щIыхь зиIэ и артист, Ингушыврэ Шэшэныврэ гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я тхэжьакIуэ **Атэбий Игорь.**

Дунейм и щытыкIэнур

Нобэ республикэм пшэр техьэ-текIыну щIыщытынущ. ЩIыIэу махуэм градус 12-14, жэщым градус 15-17 щыIэ-нуц.

ЩIышылэм и 29, *тхьэмахуэ*

♦ Ищхьэрэм щыпсэухэм я зэхуэдэ лъэпкъ махуэшхуэщ. Полярнэ жэщыр зэриуухам и щIыхькIэ щIышылэм и иужь тхьэмахуэм яГъэпсалIэ.

♦ Ильэс 90 и пэкIэ Мэкъуу и къэрал филармониер къыззIуахащ.

♦ Кёльн (Германие) щыщыззIуах кIэнфетхэмрэ пирожнэхэмрэ я дунеипсо гъэлъэгъуэныгъэ.

♦ Египетым и Чэнджэщ кIуэ зэхуэсым (шура) хэхыныгъэхэр щекIуэкIынущ.

♦ 1954 гъэм къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэуэдэн.**

Дунейм и щытыкIэнур

Республикэм пшэ щытелъынущ. ЩIыIэу махуэм градус 13-15, жэщым градус 14-16 щыIэнущ.

ЩIышылэм и 30, *блыщкъэ*

♦ 1863 гъэм Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзыну, дамыгъэ тебдзэныр хуит умышIу.

♦ Индием и щхьэхуитныгъэм щIэбэнахэм я фэеплъым и махуэщ

♦ Париж (Франджы) къыщыззIуах Дунейпсо щэнхабзэ, щIыуэпс щIэинхэр хъумэныкIэ конвенцэм Iэ зэрыгъэзэрэ ильэс 40 ирокIу. Абы и щIыхь зиIэ щэнхабзэ, документальнэ фильм яГъэхьэзырынущ. ЩэнхабзэмкIэ министерствэмрэ Сахъуэ къалэ администрацэмрэ ирагъэкIуэкIынущ Сосналым и бюст яГъэхьэзырыныкIэ проект нэхъыфI къыщыхахыну зэпеуэ. Зыбзыр хъумэ, ар къалащхьэм щагъэувынущ. Сахъуэ и уэрамэм ящыщ щым лъыхьужьым и цIэр фIащынущ.

Кlымпыл Мурат щIэрыщIэу къулыкъум пэроувэж

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Правительствэм и унафэщI къулыкъум щIэрыщIэу пэрыхьэжащ Кlымпыл Мурат. Тхьэкlушынэ Астьэнджэрий Адыгейм и Iэтащхьэ къулыкъум еIуанэу зэрыпэрыувэжу жиIауэ щытащ премьер-министр къулыкъум Кlымпылыр къыгрипэж мурад зэрипэр.**

РЕСПУБЛИКЭ Iэтащхьэм и кандидатурэр щIыпIэ парламентым и депутатхэм даIыгъащ. КIымпIылыр пщIэ зиIэ, правительство Iуэхум, инвестицIэхэр къешIэлIэным фIыуэ хэзыщIыкIащ.

Темрезов Рашид адыгэхэм и Iэр яхуеший

КЪЭР ЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид къыззрилъытэмкIэ, я лъахэгъу адыгэхэу Сирием щыпсэухэу щытыкIэ гугъум къыхутахэм Iэмал имыIэу адэIэпыкъун хуейщ.***

- СИРИЕМ жылагъуэ-политикэ щытыкIэ гугъур нэхъри щызэщIопIэ. А зэпэщIэувэныгъэм цIыху мамырэр хэкIуэдэнкIэ мэхъу. Абы и щынагъуэм игъэгулэхэм яхэтщ Къэрэшей-Шэрджэсыр зи адэжь лъахэ адыгэхэр икIи ар гулъытэнщэу кьэбгъанэ хъунукъым. Щытыкlэ гугъум кьиухуа ди лъахэгъуэм зыкъыззрыхуагъаз зэпIэнчу, зыщIаГъэкъуэну республикэ властыр хъэзырщ, - жиIащ Темрезовым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

■ Гъуэздж ■ Фэеплъ ■ ЗэIущIэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

ЩхьэгъуэШ Адэлбий:

● Джэрпэджэж

Дэ IэкIуэлъакIуэу къэдгъэсэбэпын хуейщ ди лъэпкъхэм я эзкъуэтыныгъэм и лъэщагъыр

УФ-м и премьер-министр, «Урысей зэкъуэт» партым и Iэтащхьэ, президент къудыкъум хущIэкъу Путин Владимир къытрыригъэдзащ «Урысей: лъэпкъ Iуэху» тхыгъэр. Абы, псалъэм и хъэтыркIэ, къыхелъхьэ Урысейм Iэпхъуэшапхъуэхэм теухуауэ щыIэ хабзэр щагъэткIиныр. «Абы хуэхъэзырщ Кавказ Ищхьэрэм икIа щIыхь миниплIэу Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щеджэхэр, щылажьэхэр, хьэрычэт Iуэху щIпхъэзыгъэкIхэр». - жиIащ Къэрал Думэм Дунейпсо Iуэхуэхэмкlэ и комитетым хэт Щхьэгъуэш Адэлбий.

- ПРЕМЬЕРЫМ и тхыгъэм кьегъэльагъуэ абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр, - къыхигъэбелджылькIащ парламентарийм. - Ар Правительствэм и Унафэщым, президенту хахыну кьыщIэкIынымрэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэщ. Тхыгъэр теухуащ лъэпкъ Iуэхум, Премьерыр зухэхэзыщIащ абы теухуауэ дэтхэнэми епсэльэну. Арщхьэкlэ, тхыгъэм жэуапхэр щынэхьыбэщ упщIэхэм нэхъри. Кьызэольытэ а тхыгъэм «Урысей: лъэпкъ жэуап» щIэрт хуэкIуэу: сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уэрамхэм, зэхуэсыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыкIийхэм къагъэув щыкIийхэм я щIыналъэ я куэдым жэуапкIэр яритащ, - къыхигъэщащ Щхьэгъуэш.

Апхуэдэу парламентарийм мыхьэнэ ин иIэу кьелъытэ «зи гугъу тщы мис а кIийгуэхэм къыхалъхьэхэр яГъэзащIэмэ, къэхъункIэ хъунур белджылыуэ ди нэгу къыззрыщIигъэхьэм». «Дэ тлъэгъуэщ къэралыр щылъэлъэж 1990 гъэхэм екIуэкIаХэр, - къыхигъэщхьэхуакIащ депутатым. - Хэбгъэзэхьмэ, Кавказ Ищхьэрэм Урысей Федерацэм хэкIыпкIэ хунут. Иджы дэ псори дыззрыззгъуэм, и фIыгъэ ин хэлъщ Путин Владимир. Ар Кавказым куэдрэ щыIащ: Дагъыстаным къыщытеуами, Шэшэным зэуэ щыщкIэкIэ лъэхьэнэу мотрищ зыбжанэкIэ фIэкIа нэхъ пэмыжьжьэу бомбэхэр къыщыщуэм. Псори гугъут».

(*КIэуэкъи 2-нэ нап.*).

● Джэрпэджэж

Сосналы Султlан и щIыхькIэ

АБХЪАЗ. ***Къэрал дэжьакIуэ щIэрыIуэ, Абхъазым и Лыхъужь Сосналы Султlан къызэралъхьэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу фэеплъ Iужьгъуэхэр ирагъэжькIынущ.***

АХЭР къызэгъэпэщыныр зи нэIэ щIэт Къэрал комиссэм зэрыгъэзыхьамкIэ, Зыхьумэжьныгъэмрэ ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэхэм дзэ частхэм, еджапIэхэм щрагъэкIуэкIынущ 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щыIа зауэм хэтахэу Сосналы Султlан гъунэгъуэу зыщIыхьэу щытахэм я зэIущIэ. Лыхъужьым техуэу тхыгъэхэр, документальнэ фильм яГъэхьэзырынущ. Щэнхабзэмкlэ министерствэмрэ Сахъуэм кьалэ администрацэмрэ ирагъэкIуэкIынущ Сосналым и бюст яГъэхьэзырыныкIэ проект нэхъыфI къыщыхахыну зэпеуэ. Зыбзыр хъумэ, ар къалащхьэм щагъэувынущ. Сахъуэ и уэрамэм ящыщ щым лъыхьужьым и цIэр фIащынущ.

Темрезов Рашид Iэтащхьэ

КъЭР ЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид къыззрилъытэмкIэ, я лъахэгъу адыгэхэу Сирием щыпсэухэу щытыкIэ гугъум къыхутахэм Iэмал имыIэу адэIэпыкъун хуейщ.***

- СИРИЕМ жылагъуэ-политикэ щытыкIэ гугъур нэхъри щызэщIопIэ. А зэпэщIэувэныгъэм цIыху мамырэр хэкIуэдэнкIэ мэхъу. Абы и щынагъуэм игъэгулэхэм яхэтщ Къэрэшей-Шэрджэсыр зи адэжь лъахэ адыгэхэр икIи ар гулъытэнщэу кьэбгъанэ хъунукъым. Щытыкlэ гугъум кьиухуа ди лъахэгъуэм зыкъыззрыхуагъаз зэпIэнчу, зыщIаГъэкъуэну республикэ властыр хъэзырщ, - жиIащ Темрезовым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Террорист, экстремист Iуэхухэм къыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ щыIэ комиссэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Террорист, экстремистIуэхухэм къыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ защIэгъэкъуэн мурадкIэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Террорист, экстремист Iуэхухэм къыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ щыIэ комиссэ къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы унафэм щIыгъухэу :

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхэм и деж Терророрист, экстремист Iуэхухэм къыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ щыIэ комиссэм теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Террорист, экстремист Iуэхухэм къыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм щIышылэм и 24-м
№10-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №10-УГ-мкIэ къищтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Террорист, экстремист Iуэхухэм къыхэкIыжыну мурад зыщIахэр мамыр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ щыIэ комиссэм хэтхэр

Ешыгуауэ Р. Щ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэшагъэмкIэ и советым и Секретарыр *(Комиссэм и унафэщIщ)*

Вэрокъуэ З. В. - Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм мыхьэнэ хэха зиIэ IуэхухэмкIэ и оперуполномоченнэ нэхъыжьыр -Урысей Федерацэм и субъектым и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ орган нэхъыщхьэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъур *(зэгурыIуауэ)*

Евгъэжьыкъуэ Хь. А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм и президентыр *(зэгурыIуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр

КIасэ Б. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэм и Iуэхухэмрэ хабзэхъумэ органхэм ядэлэжьэнымкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэр

Мисиров Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Чернышевэ М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр*(зэгурыIуауэ)*

Эндреев М. А. -Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ягъэтIысахэр щаIыгъ щIыпIэу щыIэхэмкIэлъыплъ жылагъуэ комиссэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ).*

Дэ IэкIуэлъакIуэу къэдгъэсэбэпын хуейщ ди лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и лъэщагъыр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Мы зэманым «Путиным щIихъумэркъым лъэпкъ Iуэхухэр, арщхьэкIэ ар хуейкъым тхыдэм къытхуигъэна политикэ щIэинхэм кууээ тепсэлъыхьынуи, - жиIащ парламентарийм. Мис апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр цIыхухэм даIыгъ.

Щхьэгуэшым къыхигъэщхьэхукIащ премьерым и тхыгъэр къыщытрадза махуэм Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыщ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм я зэхыхьэ зэрекIуэкIар. «Сэ слъэгъуащ икIи зыхэсщIащ япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ цIыхухэр тхыгъэм зэрытепсэлъыхьар. Лъэпкъ цIыкIухэм фIы дыдэу къагуроIуэ Iэпхъуэшапхъуэхэмятеухуауэ Урысейм щызекIуэ хабзэр зэрагъэткIиинур. ИкIи ар яфIэкъэбылщ. Ахэр а Iуэхум хуэхьэзырщ Кавказ Ищхъэрэм икIауэ Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу цIыху минипщIхэм я хьэтыркIэ. Ахэр а щIыналъэхэм щолажьэ, щоджэ, я Iуэхухэр щызэрагъэхъулIэ. Абыхэм ящыщщ еджагъэшхуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр».

Мыбдежым Щхьэгуэшым къыщыхигъэщащ, зэман дэкIмэ, Кавказ Ищхъэрэм икIыу Урысейм лэжьакIуэ кIуэ цIыхухэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъунур. «ИлъэсипщI дэкIмэ, щытыкIэм хуабжьу зихъуэжынкIэ хъунущ», - хуегъэфащэ абы.

ЗэкIэ, - пищащ Адэлбий, - Урысейм щызекIуэ хабзэхэм зэрызахъуэжынум зыхуагъэхьэзырын хуейщ. «ЛэжьакIуэхэр езыгъэблагъэ лъэныкъуэми Iэпхъуэшапхъуэ цIыхухэми яку пщIэ дэлъыпхъэщ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэм зым и щэнхабзэхэр адрейхэм ящIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ», - къыхигъэбелджылыкIащ депутатым.

Абы щIигъужащ лъэпкъ Iуэхухэм хуэлажьэ IэнатIэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным теухуауэ Путиным къыхилъхьам мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр. Дэ СССР-м и зэманым лъэпкъ политикэр пхызыгъэкIыу щыта министерствэм хуэдэ зэтедухуэжыфынукъым икIи министерствэм хуэдэу бюрократыгъэ зыхэлъ IуэхущIапIэри езэгъыжыркъым дызыщыпсэу дунейм. Сэ къызолъытэ Президент Медведевым къыхилъхьа Правительствэшхуэм и гъэпсыкIэр апхуэдэ къалэнхэм нэхъыфIу пэлъэщыну. Егъэдж эныгъэм, узыншагъэр хъумэным я IэнатIэхэм я лэжьыгъэм дрипсэлъэн хуейуэ жытIэмэ, лъэпкъ политикэр абыхэм хуэдитIкIэ нэхъ хуэныкъуэщ. Правительствэшхуэр жылагъуэми щIыналъэхэми ядэлэжьэн хуейщ. Хэбгъэзыхьмэ, ар щIыналъэхэм нэхъ япыщIауэ щытыпхъэщ: Кавказ Ищхъэрэм, Якутием, Чукоткэм щыIэ къалэнхэр зэрызыфIагъэкIыну Iэмалхэм жыжьаплъэу унафэ тепщIыхьыну хуабжьу гугъуэщ, - жиIащ Щхьэгуэшым.

Депутатым къыхигъэщхьэхукIащ лъэпкъ Iуэхур къыхуеджэныгъэхэм къытекIыу зэпсэлъэным, зэчэнджэщыным хуэгъэкIуэн зэрыхуейр. «Псори дыхуэкIуапхъэщ мыпхуэдэ ухуэкIэм: «Къэралым и зэкъуэтыныгъэмрэ цIыхухэм я лъэпкъ зыузэщIыныгъэмрэ». Абы ипкъ иткIэ Урысейм и лъэпкъ политикэм и унэтIыныгъэщIэ зэхалъхьэнущ», - къыхигъэщащ абы.

«Мы зэманым ди дежкIэ нэхъыщхьэр жылагъуэр лъэпкъ Iуэхухэм зэрыбгъэдыхьэр къызэрытщIарщ. Путиным щхьэте чу жеIэ Урысей Федерацэр

Щхьэгуэш Адэлбий

лъэпкъ куэд хъу къэралу зэрыщытыр икIи дэтхэнэ лъэпкъри, я нэхъ цIыкIу дыдэхэри, ар зыгъэбыдэ чырбышу къызэрекIуэкIыр. Къэралым и купщIэ урыс хэм я гъусэу дэтхэнэ лъэпкъми мыхьэнэ ин иIэщ. КупщIэ щыIэщ, арщхьэкIэ зыр зыми и тепщэу щыт хъунукъым. Лъэпкъ псори зыуэ зэкъуэтщ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Дэ зыр зым дыбгъэдэкIыфынукъым, абы къыхэкIыу ди лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и лъэщагъ иныр IэкIуэлъакIуэу къэдгъэсэбэпыфын хуейщ», - къыхигъэщхьэхукIащ и псалъэм и кIэухыу Щхьэгуэш Адэлбий.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

●ЗэIущIэхэр

Гукъеуэр йобэкI

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Уянаев Казым КъБКъУ-м и коммунальнэ-ухуэныгъэ, политехникэ колледжхэм щеджэхэм яIущIащ.

УЯНАЕВ Казым студентхэм яжриIащ езым и нэIэ зытет тарифым, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, промышленностым, хуабэ-энергетикэ комплексым, ухуэныгъэм епха Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ щIалэгъуалэр зыгъэгузавэ я упщIэхэм жэуап яритыну зэрыхьэзырыр.

Коммунальнэ-ухуэныгъэ колледжым и унафэщI Бекъул Резуанрэ политехникэ колледжым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Джантуев Далхатрэ зэрыжаIамкIэ, студент 600 ирагъаджэ. ЕджапIэмрэ общежитымрэ я щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ гъэ къэси зыгуэрхэр ящIэ щхьэкIэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ къызыхуэт щымыIэу а лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIыфыркъым, мылъку зэрамыIэм къыхэкIыу.

Студентхэр зыщIэс общежитым и щытыкIэмкIэ зэрымыарэзыр, зыгъэпскIыпIэхэмрэ пщэфIапIэхэмрэ ехьэлIауэ гукъеуэ куэд зэраIэр жаIащ. Горькэм и уэрамым тет политехникэ колледжым 2008 гъэм мафIэс къызэрыщыхъуам и зэранкIэ, абы щеджэ студентхэр Коммунальнэ-ухуэныгъэ колледжым зэрагъэIэпхъуауэ къэнащ. Абы еджакIуэхэр гугъу ирегъэхь. Колледжхэм щезыгъаджэхэм жаIащ щIэблэм тэмэму щIэныгъэ иратын папщIэ зыхуеину Iэмэпсымэхэр, компьютерхэр зэрамыIэр.

Бекъул Резуан Уянаевым гу лъеригъэтащ еджапIэм узэрыхуэкIуэ гъуэгур зэрагъэпэщыжыну елъэIуу Налшык къалэ администрацэм илъэсищ ипэкIэ зыхуагъэзауэ зэрыщытам, ауэ а Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ зэримыгъуэтам. Уянаев Казым къыхигъэщащ гъуэгуми, еджапIэм и IуплъапIэми, и пэшхэми елэжьын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэтахэр Уянаевым къигъэгугъащ абы къыщаIэта Iуэху зэIумыбзхэм хуэфащэ гулъытэ хуищIыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Лъэпкъ театрхэм я щIэблэр

●Гъуазджэ

УФ-м и Театрхэм я лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр къызэрыунэхурэ мы гъэм илъэс 70 ирокъу. Къудамэм деж-кIи республикэм и щэнхабзэм папщIи ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Абы ирихьэлIэу къызэрагъэпэща зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ «Молодые дарования» республикэ зэпеуэм щытекIуахэр зэрагъэнэIуар, артист ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къахутэу.

МУЗЫКЭ, лъэпкъ, драмэ театрхэмрэ республикэм и гуащэ театрымрэ щылажьэ артист ныбжьыщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэща зэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я Зэгухьэныгъэм и унафэщI Фырэ Майе. Зэхуэсахэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, ирагъэблэгъа хьэщIэхэм я цIэ къриIуащ: Музыкэ театрым и унафэщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бэрэгъун Руслан, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым и художественнэ унафэщI Шыбзыхъуэ Басир, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмтеатрым и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Жангуразов Мэжид, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмтеатрым и унафэщI Николаевэ ФатIимэ, республикэм и гуащэ театрым и унафэщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шумахуэ Владимир, артисткэ Курычевэ Еленэ сымэ. Абыхэм сабийхэм папщIэ ягъэхьэзыра илъэсыщIэ спектаклым къызэхуэсахэр ирагъэплъащ.

Фырэ Майе и псалъэм къыхигъэщащ, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр лэжьэфын, псэуфын папщIэ зыщIагъэкъуну зэракъалэныр. IуэхущIапIэм и пщэ къыдохуэ театрым и лэжьакIуэхэм я гъащIэм, лэжьыгъэм теухуа Iуэху зэIумыбз куэд зэфIигъэкIыну, ауэ нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIыр лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэрщ, абыхэм гъуэгу етынырщ. Артист щIалэхэр гъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ театрхэм я пщэдейр зэлъытар ахэращ.

Къэбэрдей драмтеатрым и артист щIалэхэр утыку къришащ абы и унафэщI Шыбзыхъуэ Басир. Бозий Рустам, ТIымыжь Владимир, КIэбышэ Iэхьед, Хьэхъупащ Iэ ФатIимэ, Бейтыгъуэн Жамболэт, Болэ Анфисэ сымэ - псоми Гъуазджэхэм кIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и актер факультетырщ къаухар. Шыбзыхъуэ Басир зэрыжиIэмкIэ, абыхэм я псэм театрыр хэпщIащ. Абы къыхигъэщащ я деж щылажьэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ егугъуу театрым и режиссер нэхъыщхьэ Теувэжыкъуэ Владимир зэрыдэлажьэр, иджы дыдэ япэу ягъэлъэгъуа Стратиев А. и IэдакъэщIэкI «Автобус» спектаклым нэхъыбэу хэтхэри я щIалэгъуалэр зэрыарар.

Мизиев Аубэчыр, Алтуевэ Хьэлимэт, Геляхов Мурат, Моллаевэ Залинэ сымэ театреплъхэм фIыуэ яцIыху. Мизиев Аубэчыр ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым Шыбзыхъуэ Басир актер IэщIагъэм щыхуигъэхьэзырахэм ящыщщ, Айларовэ А. и «Африканец», Атмурзаевэ М. и «Белый цветок» спектаклхэм я премьерэм хэтащ, Кулиевэ Э. итха «ГъащIэр - дэкIуеипIэщ» спектаклым Кулиев Къайсын и ролыр щигъэзэщIащ. Жангуразов Мэжид зэрыжиIамкIэ, сценэр спектаклым хуэзыгъэхьэзыру лэжьэн щIэзыдза Геляхов Мурат иджы балъкъэр театрыр зэрыгушхуэ артист хъуащ.

БатI Залинэ, Хъуп Мариаммэ, Уэрокъуэ Замир сымэ Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс драмтеатрым и лэжьыгъэм фIыуэ хэгъуэзахэщ. Хъуп Марианнэ и япэ ролыр IутIыж Борис и «Эдип» спектаклым щигъэзэщIащ. Уэрокъуэ Замир спектакли 10-м хэтащ. БатI Залинэ «Ханума» спектаклым щыджэгуну ролым йолэжь. Театрым и унафэщI Николаевэ ФатIимэ гу зэрылъитамкIэ, я IуэхущIапIэр ирикъуу лэжьакIуэкIэ къызэгъэпэщакъым, абы и япэ щхьэусыгъуэр улахуэр зэрымащIэщ.

Театрхэм артист ныбжьыщIэхэр яхурикъуркъым, ауэ режиссер IэщIагъэм хуеджахэр къэбгъуэ тыну нэхъ гугъужщ.

Къардэн Радик, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Мэкъуауэ Эльмирэ сымэ КъБР-м и Музыкэ театрым и лэжьыгъэм фIыуэ хэзэгъащ икIи театрым и сценэм щекIуэкI оперэ хэм, оперетт эхэм, мюзиклхэм хэтщ.

Фырэ Майе артист ныбжьыщIэхэм щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ.

2012 гъэм гъатхэпэм и 27-м, Театрым и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм «Молодые дарования» зэпеуэм фIым я фIыжхэр къыхахынущ. Республикэм и лъэпкъ театрхэм я артист щIалэхэм гукъыдэж яIэу я лэжьыгъэм щIыбгъэдыхьэн щхьэусыгъуэ яIэщ. Дыпоплъэ абыхэм я лэжьыгъэфIхэм!

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

●ДызыгъэпIейтей Iуэху

Дохутырхэм яхузэфIэкI къагъэнакъым

ЩIышылэм и япэ махуипщIым Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым къыщыхъуа Iуэхугъуэ гуауэм теухуа хъыбарыр ди къэралым и щIыпIэ куэдым щызэбгрыкIащ. Илъэсым и пэщIэдзэ махуэхэм сымаджэщым сабийуэ 8 зэрыщылIам псори къигъэуIэбжьащ. Iуэхум щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу хуагъэувыр а махуэхэм ирихьэлIэу сымаджэщым уэздыгъэр зэрыщагъэункIыфIарщ. Къэхъуам и пэжыпIэр КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ зэхагъэкIыну къызэрагъэпэщащ правительствэ комиссэ.

КОМИССЭМ и зи чэзу зэхыхьэу щIышылэм и 25-м зэхэтам ирагъэблэгъат журналистхэри.

- Пэжщ, къэхъуар гуауэшхуэщ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI, къэпщытакIуэ гупым я тхьэмадэ **Гертер Иван**, - абы теухуа псалъэмакъ зэхуэмыдэхэри йокIуэкI. Япэ сабийр дунейм ехыжащ щIышылэм и 3-м, абы щыгъуэм республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Амщокъуэ ФатIимэт Iуэхум псынщIэу иужь ихьэри, ар къызыхэкIар зэхигъэкIащ икIи къыкIэлъыкIуэ махуэм УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм абы и щхьэусыгъуэр зэрыт тхылъымпIэр едгъэхьащ. Адрей сабийр щIышылэм и 7-м лIащ, дохутырхэм я къару псори зэщIагъэуIуауэ абыхэм зэракIэлъыплъым хуэдэу, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къыкIэлъыкIуэ махуэхэми сабийхэр дунейм ехыжащ. Псори зэхэту а махуэхэм сабийуэ 8 тфIэкIуэдащ. КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ Iуэхур зэхэзыгъэкIын правительствэ комиссэ, апхуэдэу щхьэусыгъуэр наIуэ къэхъуху республикэ УнафэщIым и къулыкъум тригъэкIащ узыншагъэр хъумэнымкIэ министрыр.

Дэ дахуэзащ зи сабийхэр зыфIэкIуэда анэхэм, дэтхэнэми щхьэхуэу депсэлъащ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, дохутырхэм гукъеуэ хуаIэкъым икIи къыхагъэщащ абыхэм жэуаплыныгъэ пылъу я къалэныр зэрагъэзэщIар. Анэхэм ящIэрт я сабийхэр сымаджэ хьэлъэу дунейм къызэрытехьар, ахэр щытыкIэ гугъум къишыным дохутырхэр зэрыхущIэкъуари ялъэгъуащ. Ахэр зыхуэмыарэзыр хэт жыпIэмэ, языныкъуэ медсестрахэрщ. Абыхэм я къалэныр тэмэму ямыгъэзэщIауэ къалъытэ, апхуэдэу пхъашэу къепсэлъахэщ.

Сабийхэр щIэлIам и щхьэусыгъуэу къагъэлъагъуэхэм ящыщщ сымаджэщым екIуалIэ уэздыгъэр зэрагъэункIыфIар. Сымаджэщым уэздыгъэ щыщымыIар щIышылэм и 6-рщ. А махуэм зы сабий дунейм ехыжакъым. ЩIышылэм и 7-м лIа сабийр тхьэмбылым жьы зэрагъакIуэ аппаратым пыщIауэ щытакъым. Электрокъарур зэрыщымыIар Iуэхум щхьэусыгъуэ хуэхъункIэ Iэмал иIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ апхуэдэ щытыкIэ къызэрымыкIуэ къэхъу хъужыкъуэмэ, сымаджэщым езым иIэ генераторым зэуэ лэжьэн щIедзэ. Дохутырхэр Iуэхум Iэпэдэгъэлэлу бгъэдыхьауэ къэлъытэныр къемызэгъщ - а зэманым къриубыдэу хьэлъэу щыта сабий 58-рэ къргъэлащ абыхэм. Дауэ хъуми, хьэлъэщ ар зи сабий зыфIэкIуэда анэхэм я дежкIэ икIи я гуауэр дэри зыхыдощIэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыныр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI **Щоджэн Юлие** жиIащ щIышылэм и япэ махуипщIым къриубыдэу дунейм ехыжа сабийхэм я узыншагъэр зыхуэдэр нэсу къызэрапщытар, дэтхэнэми узыфэ хьэлъэ пкърыту къызэрахутар.

- Сымаджэщым и реанимацэ къудамэм щIэлъ дэтхэнэ зыри ткIийуэ дохутырым и нэIэм щIэтщ, - жиIащ Щоджэн Юлие. - Абы къыхэкIыу дохутырым и емыгугъуныгъэкIэ апхуэдэ щIэщхъур къэхъуауэ жыпIэныр щыуагъэщ. Апхуэдэу дэ къэтпщытащ анэхэм я уэндэгъугъэр зэрекIуэкIар, абыхэм я тхылъхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, а зэманми ахэр узыншакъым, яхэтщ дохутырым и чэнджэщхэр зымыгъэзэщIахэри. Узыфэ щхьэхуэхэр япкърыту, мылъхуэсу дунейм къытехьа сабийхэм уеIэзэныр куэдкIэ нэхъ гугъущ. Апхуэдэ къалэн хьэлъэ къазэрыпэщылъыр ящIэу, ахэр дунейм къыщытехьа дакъикъэм щыщIэдзауэ дохутырхэр абыхэм якIэлъыплъын щIадзащ. Сыт хуэдэу гугъу зыдрагъэхьами, сабийхэм я щытыкIэм закъыхуегъэгъэзакъым.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Уэртэн Аслъэн** къыхигъэщащ анэхэм щахуэзам дохутырхэр пхъашэу къазэрыхущытам теухуауэ яIэ тхьэусыхафэхэр зэрызэхагъэкIынур, апхуэдэуи жиIащ республикэм и Правительствэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ реанимацэ пэшыр видеокIэлъыплъыныгъэкIэ къызэрызэрагъэпэщынур. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адэ-анэхэр хуиту абы щекIуэкIым кIэлъыплъыфынущ, къищынэмыщIауэ, телефон псалъэмакъхэр ятхынущ.

КъэпщытакIуэ гупым хэту адэкIэ къэпсэлъахэми жаIащ сабийхэр къргъэлын папщIэ дохутырхэм яхузэфIэкI псори зэралэжьар, узыфэ псоми зэрапэлъэщын зэфIэкIи Iэмали абыхэм зэрамыIэр, къыхагъэщащ уэндэгъу хъуа бзылъхугъэхэр япэ махуэхэм щыщIэдзауэ набдзэгубдзаплъэу зыкIэлъыплъыжын зэрыхуейр, а пIалъэр дохутырым и нэIэм щIэту, абы и жыIэр ягъэзащIэу зэрырахьэкIыпхъэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Апхуэдэт Бэджрэт Женя

●Фэеплъ

Бэджрэт Женя Хьэжмурат и пхъур къызэрытхэмытыжрэ махуэ плIыщI ирокъу. Езым хэлъа зыщыIэныгъэшхуэри, медицинэри пэмылъэщу ар уз бзаджэм тфIихьащ.

ЖЕНЯ цIыхубз дахэт, зэкIужт, гъэсат, губзыгъэт. Нэхъыщ Iэхэми и ныбжьэгъухэми я чэнджэщэгъут. И гъунэгъухэм, и Iыхьлы куэдыкIейхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ Iущагъэ зыхэлъ, и гум къыбгъэдэкI зэхущытыкIэ дахэ яхуиIэт. ПщафIэ Iэзэт. Абы и Iэнэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр зэхуишэсырт. Зэрыадыгэр зыщигъэгъупщэртэкъым, хабзэр фIэлъапIэт, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыкIэм кIэлъыплъырт. И къуэ Тимури а щIыкIэм быдэу тету къигъэтэджырт. ЕкIуу зиху апэрт, зыдэу эршэрхэр дахагъэм къыхуигъэушырт, дэтхэнэми тыгъэ хэха хуищIырт, гуапагъэр япэ иригъэщырт.

Бэджрэт Женя еджэн фIэфIт. И IэщIагъэкIэ экономистт, сату Iуэхум кууэ хищIыкIырт, дунейм щекIуэкIхэм фIыуэ щыгъуазэт, жылагъуэ гъащIэм щыжыдж эрт. Набдзэгу дзаплъэт, егъэлееныгъэм пэIэщIэт. ГуащIэмащIэу е гугъуехьым къыпикIуэту зэи тлъэгъуакъым. ГъэщIэгъуэну, езыми и гъунэгъухэми я сэбэп хэлъу псэурт.

Узым иубыдами, и кIэм нэсыху абы фIэщхъуныгъэр фIэкIуэдакъым.

И Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ я мызакъуэу, Женя зыцIыхуу щыта псоми ди гум къыбгъэдэкIыу дахуощыгъуэ.

И ныбжьэгъухэр.

Зэпеуэ щIэщыгъуэ

УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм 2011 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэ къыхилъхьэри, «Афияным ебэнынымкIэ социальнэ рекламэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэр республикэм щрагъэкIуэкIащ. Абы къэрикIуахэм IуэхущIапIэм щыхэплъэжащ, зэхьэзэхуэм щытекIуахэр ягъэпэжащ.

ЗЭПЕУЭМ и КъэпщытакIуэ комитетыр хэплъащ студентхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм ягъэхьэзыра лэжьыгъэу 17-м.

Япэ увыпIэр хуагъэфэщащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студент Созаевэ Еленэ. Абы игъэлъэгъуащ «Наркомание», «Тутынафэ», «СПИД» рекламэхэр. «Афиянафэ бзылъхугъэм тобэ къехьыж» («Исповедь наркоманки») рекламэр зыгъэхьэзыра КъБКъУ-м и студент ДыщэкI Лианэ етIуанэ увыпIэр лъысащ. «Тыгъэ гурымыхь» рекламэр зи IэдакъэщIэкI Къэзанш Ильянэ ещанэ хъуащ.

НаркоIуэхущIапIэм и унафэщI полицэм и генерал-майор Кульбаев Руслан зэхьэзэхуэм щытекIуахэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ, адэкIи заужьыну, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну зэригуапэр яжриIащ.

- Мы зэманым дуней псор нэхъ зыгъэгулэзу Iуэхугъуит I щыIэщ. Ар наркоманиемрэ терроризмымрэщ. Япэм ахэр щIахъумэу щытамэ, иджыпсту япэ игъэщыпхъэ къалэну зыхудогъэувыж. Зи къару илъыгъуэ, зи къэкIуэнур дяпэкIэщ жыхуаIэ щIалэгъуалэм ящыщ куэдым я гъащIэр зыхь щхъухь бзаджэщ афияныр. Абы дихьэххэр, ар зэзыхьэлIэхэр гъуэгу пэжым къытешэжыныр гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэщ. Дызэгъусэу абы дытелажьэмэ, дыпэлъэщынущ, - къыхигъэщащ КъБР-мкIэ НаркоIуэхущIапIэм и унафэщIым.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Кинематографистхэр зочэнджэщ

ЩэнхабзэмкIэ фондым щекIуэкIащ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я кинематографистхэм я зэIущIэ. Абы зыкърагъэхьэлIат КъБР-м ХъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин, ЩэнхабзэмкIэ министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Герасимовэ Риммэ, нэгъуэщIхэми.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Вэрокъуэ Владимир хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ ахэр къаззэрыхуеблэгъам, я пащхьэ къит къалэнхэр убзыхуным жэуаплыныгъэ пылъу зэрыбгъэдыхьам папщIэ.

ЗэIущIэм Iуэхугъуэ зыбжанэм и гугъу щащIащ. Абыхэм къапщытэжащ 2011 гъэм къриубыдэу зэфIагъэкIа Iуэхухэр, Урысей Федерацэм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и зэхуэсым зэрызыхуагъэхьэзырыпхъэм, Кавказ Ищхъэрэм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэ (е къудамэ) къызэгъэпэщын зэрыхуеймрэ абы щхьэкIэ ящIэну къапэщытхэмрэ тепсэлъыхьащ.

КъаIэта Iуэхухэм теухуауэ къэпсэлъащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и прав ленэм и тхьэмадэ**Гулуев Вячеславрэ** республикэм и Парламентым и УнафэщIым щэнхабзэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ **Кантемиров Борисрэ**. Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъазэри, Госфильмофондым къыдигъэкIа тхылъ купщIафIэхэр хьэщIэхэм тыгъэ яхуищIащ а IуэхущIапIэм Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм и унафэщI **Наводничий Юрэ**.

ЗэIущIэм и кIэухыу хьэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ ягу къагъэкIыжащ дунейм ехыжа кинематографистхэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

Хъалил Мухьэмэд и гупыр

●Тэрч куей

Ди республикэм хьэрычэтыщIэ Iуэхум нэрылъагъуу зыщеужь, абы тегушхуэхэм я бжыгъэм хохъуэ. «Хъалил» КФХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ куэд щIакъым, арами илъэситIым къриубыдэу ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьауэ жыпIэ хъунущ.

ХОЗЯЙСТВЭМ и хэщIапIэр Тэрч къалэм Мамхэгъ Михаил и цIэкIэ щыIэ уэрамым щаухуауэ щыта гъэш фермэрщ. Абы IэнатIэщIэ щызэтраублауэ фIэIугъэхэр щагъэхьэзыр. Помидор мыхъухэр, хъуахэр, нащэр, къэбыстэр чейхэм, салат зэмылIэужьыгъуэхэр банкIхэм иралъхьэ. Псори унагъуэхэм зэрыщагъэхьэзырым хуэдэу къызэрагъэпэщ.

- Мы Iуэхум зэрызеттрэ куэд мыщIами, ди IэдакъэщIэкIхэр ягу ирохь, псоми щIэупщIэ яIэщ. Пэжщ, иджыри Iэджэ зэдгъэуIун, ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр едгъэкIуэкIын хуейщ. Абыхэм хуэмурэ хыдогъэщI, IуэхущIапIэм зыдогъэубгъу, - жеIэ хозяйствэм и унафэщI Хъалил Мухьэмэд.

НобэкIэ КФХ-м щIыуэ гектар 1500-рэ зэрехьэ. ГъэтIылъыпIэу 7 зэгъэщIылIа цехышхуэ яIэщ. Дэтхэнэми зэщхьэщыхауэ фIэIугъэхэр зэрылъ чейхэр щахъумэ. Хозяйствэм щхьэхуэу щаухуащ пхъэщхьэмыщхьэр зэуIуу щащэ базэ. КъапщтэмэI, апхуэдэу Тэрч къалэм дэтыр а зырщ. Пхъэщхьэмыщхьэр республикэми, нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщащэхури, цIыхухэр зыхэдэныр я куэдщ. ХъумапIэ базэр Тэрч къалэм дэт тыкуэнхэм жыджэру ядолажьэ, ахэр зыщIэупщIэхэр япэ ирагъэщ.

Хуабалъэхэм (теплицэхэм) гектар ныкъуэ яубыд. Нобэ ирихьэлIэу 9-р ягъэуващ, псори зэхэту 15 яухуэнущ. Хуабалъэхэр хьэзыр хъумэ, помидор, къэбыстэ, нащэ, шыбжий IэфIхэр, сырхэр щагъэкIынущ. Мы зэкIэ хозяйствэм хадэхэкIхэр нэхъыбэу къыщыIихыр Лэскэн, Тэрч куейхэм щыщ къуажэхэрщ. КФХ-м и унафэщIым къызэрыджиIамкIэ, я продукцэр Урысейм и щIыпIэ куэдым хэIущIыIу щыхъуащ. НэхъапэIуэкIэ ахэр Москва ирагъашэу щытамэ, иджы Мэздэгу щыIэ дзэ частхэм, Ярославль, Волгодонск къалэхэм хуаутIыпщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

БзаджащIэхэр къалъыхъуэ

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм къалъыхъуэ щIышылэм и 26-м сыхьэт 22-м Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №19-м и спорт залым, щIалэщIэ зыбжанэ волейбол щыджэгум, щIыхьа нэкIупхъуэ зыIулъа бзаджащIэхэр.

Ятеуахэм IэщэкIэ ягъэшынэри, спорт пэшым щIэта псори лъэгум ягъэгъуэлъащ икIи абыхэм ящыщ зыр яукIащ. Иужьым бзаджащIэхэм загъэбзэхыжащ.

Къатеуахэм я теплъэр яубзыхуащ. Ахэр къэлъыхъуэным КъБР-мкIэ МВД-м и и лэжьакIуэхэр яужь итщ.

Ар къыщыхъуа щIыпIэм следствэ гупыр щолажьэ. Налшык къалэм «Вулкан-3» Iуэхугъуэр щокIуэкI.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Зы махуэ си псэм себлэжакъым

Щіышылэм и 29-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим и фэеплъ махуэщ

Шу пашэм и щапхъэ

КІыщокъуэ Алим *(22.07.1914 -29.01.2001)*

Алим и тхыгъэхэращ Къэбэрдей литературэм и цІэр къэрал псом щызыгъэІуар - ар хэт дежкІи гурыІуэгъуэщ, нэрылъагъуэ. Ди литературэм зи лъабжьэр куу, зи пщІэр лъагэ художественнэ хъугъуэфІыгъуэ хъуамэ, ар, псом япрауэ, зи фІыщІэр КІыщокъуэ Алимщ .

АЛИМ ящыгуфІыкІ зэпытащ ди литературэм къыщІэтаджэ щІэблэхэм, лъэкІ къигъэнакъым, ахэр иущиин, гъуэгу захуэ тригъэувэн щхьэкІэ. Ди литературэм нобэ щылажьэ дэтхэнэри къыщІэтэджащ шу пашэм и щапхьэм.

Щапхъэ хьун мащІэ къызэринэкІакъым КІыщокъуэ Алим. Къалэмыр нобэ зыгъабзэ дэтхэнэми и къалэнщ ди литературэм лъабакъэщІэ иригъэчыныр. Алим щІэблэм кьахуигъэна уэсятщ ар - шу пашэм и гъуэгум зэрыпащэн гуащІэрэ зэфІэкІрэ зыбгъэдэлъырыц, абы щІэкъурщ Алим и щапхъэм, и фэеплъым хуэфащэ щІэблэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэ псор Алим и гуащІэдэкІым лъагэ дыдэ дэхъащ. Ар нэхъри Іэтыныр щ Алим и ужь кьима псори зыхуэлэжьэн хуейр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозревatель.

Гупсысэ мыухыж

ГУКЪЭКІ бжыгъэншэрэ гупсысэ мыухыжкІэ тъэнщІаш КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэмрэ и гъащІэмрэ, кууагъ и лъэныкъуэкІэ абы бжьыпэр щиІыгъщ бгырыс лъэпкъ литературэхэм, хуэфащэу къыхужаІэ «иджырей Кавказым и акъыдыфІэ» псалъэр... Дыз эрыт лІэщІыгъуэм къикІуа гъуэгуанэм и фІыпІэри и дыджри КІыщокъуэм кьигъэлъэгъуэн хуэзэфІэкІащ.

СОКЪУР Мусэрбий.
1984 гъэ

ГъащІэм и пэжыр

ИІЭДАКЪЭЩІЭКІ гъэщІэгъуэнхэм тхакІуэщхуэм наІуэ къыщищІар и лъэпкым и гъащІэм кууэ зэрыхищІыкІым, и анэдэлъхубзэр нэсу зэрищІэм, абы и къуиныгъэр ІэкІуэлъакІуэу къызэригъэсэбэпам я закъуэкъым, а псор щыхьэт тохъуэ КІыщокъуэ Алим лІыгъэшхуи зэрыхэлъам, гъащІэм и пэжыр и гъуэгу, и щхьэ течауэ ар иІуэтэфу, и къаруи и гугъуехьи емыблэжу гъащІэм ар щигъэувыну ерыщу зэрыщІэбэнам.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей,
КъБКъУ-м и профессор.

УСАКІУЭР, ар усакІуэ нэсу щытмэ, гумащІэщ, гумахэщ. Абы игу иІэгъэ тебдзэн щхьэкІэ, кэзд ухуейкъым. Ауэ гущхьэм тридза уІэгъэр щымыкІыжыр нэхъыбэщ.

КІыщокъуэ Алим и гум традзар уІэгъэ куут икІи ар мыкІыжауэ усакІуэр дунейм ехьжащ. «Нал Къутам» иращІэкІа псалъэмакъыр къыщымыхьейр зэзэмызэт.

ТхакІуэр Іумпэм щащІу щыта илъэсхэм Налшык къкІуэжьыху, абы дыхуэзэгу, ПсыкІэху псыхъуэм тшэрэ дыбгъэдэсу зэрыщытам сэ зэ сытетхыхьащи, къытеэгъэзэжырыкъым. Ауэ абы щыгъуэми къыджиІэрт: «Фэ мы Іэхъуэ фыкъыхэмыхьэ, сэ зыри къызащІэфынукъым, фэ фагъэльэпэрэпэнщ».

Пэжщ, иужькІэ Алим ягъэфІэжат: Социалист Лэжьыгъэм и ПІыхьжь щІэ лъапІэр къыфІащат, и илъэс пщІейр ину республикэм щагъэльэпІат - пщІэрэ щІыхьу хуэфащэр хуащІу. Ауэ псальэмакъ дыджри ткІыбжьу игу илъу къекІуэкІащ. Абы и щІыхьэтщ мы письмор. Ар къызэрысхуитха бзэ дыдэмкІэ къызохь. Мы письмор къыщитхам сэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу сылажьэрт.

*КІыщокъуэ Алим сэ ятэ дыдэ щыслъэгъуар, щыслЫуар кУрыт еджаІІэр къызэрызуХ тхылъыр къыщыдатыжа махуэраш. Абы щыгъуэ ар цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ ди республикэм и министырт. Алим ди еджапІэм къэкІуат школыр фІы дыдэу къэзыухахэм ёзым и ІэкІэ дыщэ медалх эр къыдитыну. ИужькІэ, журналистку сыщылэжьа илъэсхэм, Іуэхукіэ куэдрэ сыхуэзащ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа ди тхакІуэщхуэм. Иужь дыдэу сэ ар псэльэгъу щыслхуэхьуар 1997 гъэрщ. Гу лъытэрт Алим къыщальуа лъахэм зэрыпэІэщІэр нэхъ къытехьэлъэ зэрыхъуам. Ауэ, ятэхэм ЩІэдзу, удихьэхырт, и псэльэкІэм ухьэ журт. Мы тхыгъэр къызэхэсхьа псальэмакъырщ Алимрэ сэрэ нужь дыдэу дыщызэхуэзэжам едгъэкІуэкІар.

* * *

- Алим, жыпІэ хьунущ цІыхум и гъащІэр Іыхьищу игуэшу: сабийгъуэ, щІалэгъуэ, балигъыпІэ щиувар. Апхуэдэу уи гъащІэм урипльажу щытмэ, сыт хуэдэ ныбжьым ушитара ущ нэхъыбэрэ уигу кІыжыр?

- Аддэ сыцІыкІыу, дунейм хэсщІыкІ щІагъуэ щымыІэми, псори сфІэгъэщІэгъэунэ, хэт жиІэри си фІэщ хьууэ, ар си гум изыбдэду сыщыщытарщ.

- ЗэрыкъыпІэмкІэ, сабийгъуэраш. Абы нэхъ ІэфІ гъащІэм хэту къыщІэкІынкъым. Махуэ бжыгъэ, илъэс бжыгъэкІэ къыубжу щытмэ, кІэщІ дыдэщ ар, ауэ гукъэкІыжхэр гъащІэ псо и уасэщ.

- ПІэж дыдэщ. Абы нэхърэ нэхъ кудрэ уигу кьэкІи щыІэкъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы щыгъуэ плъэгъуари, уи нэгу щІэкІари, зэхэпхари уи гум кьонэж. Мазэ е илъэс и пэкІэ плъэгъуа, зэхэпха гуэрхэр пІэщІэжыкІнкІэ мэхъу. Ауэ уцІыкІуу плъэгъуэр, зэхэпхар, кьыбжьаІар уи гум кьонэрэ, улэхункІэ ахэр уи гьусэнщ.

- АтІэ, абы и пщалъэкІэ гъащІэм уеплъмэ, уэрэ сэрэ а зэманым дыкьикІауэ блэкІам дыхуеплъэкІыжу аращ. Нобэ кьытщІэхьуэ ди адыгэ сабийхэм адэжьхэм кьащІэна хабзэ дахэмрэ хьэл-щэнымрэ гъащІэ гъуэмылэ яхуэхьуфыну кьэпльытэрэ? Яхуэхъун папщІэ, нэхъыжьхэм адэкІэ сыт тщІэн-дзэжьын хуейр?

- А уэ узыщІэупщІэр Іуэху куущ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, нобэ зыгуэр епхьэжьэрэ мыпхуэдэу мыр цІыхухэм япкърыс лъхьэнт, хьэл-щэну яхэслъхьэнт жыпІэу букъуэдийкІэ зэфІэкІынкъым. Дэ дызыщыпсэу зэманым зихъхьэжащ, ди мыхьаскъуэ дипщэжкІэ щыІэ зэуэхэри, дящхъэжкІэ щыІэхэри, ди гупэ е ди щІыбагъым къыдэтхэри - псори нэгъуэщІщ, ялэм зэрыщыщымыта хьуащ. А псори нэгъуэщІ щыхъуакІэ, Іэмал иІэкъым абыхэм я дежкІэ зыгуэркІэ уемыплъэкІыну. Абыхэм а уэ уи гу иІль псори кьабыл ямыщынкІи мэхъу. НэгъуэщІхэм я Іуэжу зехьэкІэр, я дуней тетыкІэр нэхъ кьащтэу абы хуэпльэкІыни, уи дежкІэ кьеЭни щыІэнщ.

УцІыкІуу уи гум ибубыдар...

Дэ дыщыцІыкІуам нэгъуэщІхэр тІльагъуу щытакъым, псори дэ тэуэдэ ди гугъэт. Сэ абы щыгъуэ си гугъэрат: ди кьуажапІэм къыщыщІидэзу ди кьуажэкІэм деж дунейр щиуІхыу.

ИджыкІи цІыхухэм я нэгу щІэкІыр нэгъуэщІщ: сабийхэм ящІэ ди кьалэкІэм деж дунейм кьызэрыщыщІимыдзэрэ зэрыщимыухри. Мес, иджыпсту зи мазэ зэхэтх си кьуэрыльху хьыджэбз цІыкІур ирдъэитхуу фІэкІ хьуакъым, абы ещІэ нэгъуэщІ кьэралхэри зэрыщыІэр, нэгъуэщІ кьалхэмри щІоупщІэ, уеблэмэ абыхэм я хьыбар гуэр езыми кьыбжиІэфынущ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар телевизорым йопльэ мычэму. АтІэ, сэ абы сыщыхуэдизам ахэр схуээфІэжыну щытакъым. Сэ схуэдэ щІалэ цІыкІуэм срагъуэсэу, дыззэрызехьэу зэ зы жыг хадэм, зэ адрейм дихьэурэ абы къитхар ди гьуэмылэу псым зыгъэпскІакІэ дыкІуэу, жэмхуж дыдэкІыу, топ хьэкъуей кьетхуэкІыу арат. Хьарбыз хадэ кьутэжьыгъуэхэм деж кьуажэм хьарбыз гулъэшхуэхэр кьыдрашейт, щІалэ цІыкІуэр дыкьыдэкрэ: «Ей, зы хьарбыз кьызэт», - жыпІэрэ дапежьжьэу. Зы хьарбыз кьытхуадзмэ, ар ди гурыфІыгъуэу, дежэрти, тшхырт. Мис абыхэм нэхъ гухэхьуэ ди нэгу щІэмыкІыу дыкьэхъуащ дэ.

ИджыкІи, пльагъуркъэ, ди щІэблэм, ди пхъурылъкъуэрыльхуэхэм я дунейр нэгъуэщІщ, абыхэм куэд ядж, яльагъу, зэхах. Апхуэдэу щыщыткІэ, абыхэм я дуней тетыкІэр нэгъуэщІ мыхъуну Іэмал иІэкъым. Аращи, нобэ зы хабзэ гуэр цІыхухэм яхэсхьэнщ е яхэслъхьэжынщ жыпІэу епхьэжьэмэ, пхуэзфІэмыкІынкІи мэхъу.

- ЛъэпкъхэР нэхъыбэу зэрызэщхьащкІыр я бзэрэ я хабзэрэщ. Ди бзэмрэ ди хабзэмрэ кьытщІэхьуэ щІэблэм ІэщІыб ямыщІын, къэкІуэну лІэщІыгъуэм ахэр хуэщхьэнэр, иратыфын папщІэ, сыт хуэдэ гъуэгу, Іэмал къэтпыхьуэн хуейр?

- Хабзэр бзыпхъэкъым, акъыпІар кьулыкъыкъым, жаІакъэ. Іэджи хэпщ абы пэ жу. Хабзэр зэпхыжар, хабзэр кьызыпкърыкІыр, сэ кьызэрысщыхьумкІэ, бзэращ. Бзэр лъэпкъым Іурылъмэ, хабзэри ихьумэфынущ. Бзэр щыщымыІэжым деж, хабзэм, щІэгъэкъуэнышІэ мэхъури, и лъэр щІоху, гуащІэ-мащІэ хьуурэ, икІэм-икІэжым, мэкІуэдыж. Нобэ адыгэ дапщэщІкІэ адыгэбзэкІэ мыпсалъэу! Гьунэжщ! Адыгэм и закъуэкъым апхуэдэ кьызыщыщІар.

Ди бзэр мыкІуэдыж щыкІэ кьегъэблэжьын хуейщ, ар кьезыгъэблэжьну, псом япэу, зыгъэхуэри адэ-анэрщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, адэ-анэрщ сабийм игу ихьэфынур, абы и гум бзэр изылъхьэфынур.

Сэ срихьэлІауэ, седжауэ сщІэжыркъым унафэ гуэр щыІауэ «Фи бзэр зэзэмыгъэщІэж, абы фалъэжьнукъым» жиІэу. ИтІани, ди бзэр тІэщІэхуащ жытІэу ди закъуэ зыдгъэкъуэншэжыныр тэмэмкъым. Ди бзэр, дауи ирехьри, тІэщІаудащ. Апхуэдэу щыт пэтми, кьэзыІэтыжьын хуейр дэращ. Гульытэ лей ди бзэм хуэтщІу, пгъу зедгъэхьу кьэтІэтыжьын хуейщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, икІэм-икІэжым, абы хуейри, хуэныкъуэнури дэращ.

- ТхьэжьыІэу жыпІэмэ, кьалэдзэс сабийм и анэдэлъхубзэр ебгъэхъумэныр гугъущ. Ящэхэм анэхэр ІэнатІэ Іутти, я быныр сабий садым кьыщыхьыр т. Льэпкъ жэду зэхэпхьа сабийхэр зэрызэпсалъэр урысыбзэт. Иджы, анэхэр дэжьапІэнщэу кьыщынэм, я быныр Іэщыб ящыр, сатум хьыхащ, гъуэгу жьыжьэхэм тельащ. ТІум щыгъуэми хэкІуадэр анэм и дахэкІэ иримыкъу, и ІэфІкІэ зызымыгъэнщІ, анэдэлъхубзэм пэІэщІэу къэхъу цІыкІурщ. Ауэ сабийр игъащІэкІэ цІыкІуу щытынукъым. Ар балигъ хьуа нэужь, мис абы а нобэ хущІэмыхьэ анэр езыр жьы хъунурэ игу кьеуэжьынущ: «Си быныр кьысхуэгумащІэкъым», - жиІэнурэ.

- Сабийм гугъу удехьу пхуэгъэсащэрэ узыхуейм хуэдэу. Анэм абы кьаруу тригъэкІуадэм хуэдизкІэ сабийм и псэр анэм кІэропщІэ. Быным теубгъуа анэм и быныр анэм хуэгумащІу кьохьу. Ауэ «соХуапэ, согъашхэри куэдыщэщ» жиІэу сабийм и псэм дэмыхьэ, Махуэ кьэс анэм и псалъэ гуапэ, и шхын хуабэ, и гулъытэ зыльэмыІэс сабийр зэ мыхъуми зэ, щыпэмыплъа дыдэм деж, анэм кьегуэуэжынущ. Анэр абы щыпэмыплъа дыдэм деж кьыльэІэсынущ а удыныр.

- Алим, уэ езыр анэкІэ гумащІэ дыдэу уэзрыщытам сыщыгъуазэщ. Зауэм ущыІута зэманым, абы фалъэ махуэ кьэс кьыпщхьэщытми, уэ щІэмычэу ухуэсащ уи анэм, ар зэрумыгъэгуэвэн, ар зэрытебгъэун псалъэ гуапэ куэд кьыхуэбгъэутэ. Сэ зэрысщІэмкІэ, езыми кьыфтеубгъуауэ фипІащ. Фи анэм кьызжиІэжауэ сигу кьыпнэжащ колхоз щыІэхьха гъэхуэм. Ауэ ар Іэпхъуамбзкіэ бжьын жылэ хисауэ и Іэпэхэм лъыпсыр кьыпыжу кьыщыкІуэжхэм дежи, жэщыбг хъуху мыгъуэлъу сабийхэм фхуэдыжу, фхуэжьыщІэу зэрыщытар.

- Дэ блы дыкъуэтэ: зэкъуэшитІрэ зэшыпхъуитхурэ. Ди адэр пасэу лІэри, ди анэм дыкъыхуэнат, ди шыпхъухэр цІыкІу защІэт. Псори дызыпІар ди анэращ. Дэ радиоуэуи тхыльуи диІар араш, телевиденэ а лъэхъэнэм щыІэхъэкъым, ауэ а псоми я кьалэнхэр ди пащхьэ щызыхьыр ди анэрт. Махуэм дапхуэдизу гугъу ехьами, дэнэ щыІами, дымэжалІэми, ди ныбэ имызми, пщыхьэщхьэм дытІысыжа нэужь, Іэмал иІэтэкъым абы хьыбар гуэр кьыджимыІэжыну, шыпсэ гуэрым дримыгъэдэІуэну. е езыр щыщІалэм щыгъуэ и нэгу щІэкІа, илъэгъуа, зэхиха, е ди анэшхуэм кьыжриІэжу щытахэм щыщу игу кьинахэр кьытхуиІуэтэжырт.

Мис апхуэдэу зыгуэрхэм дыдригъэхьэхыу, ахэр ди фІэщ ищьфу щытащ Быбэ мыгъуэр.

Школ кьызэІуахьу абы дыщІэтІысха нэужь, пщыхьэщхьэ хъуамэ, ди анэр кьыдэпщІырт: сыт фагъэщІа, сыт зэхэфха, сыт фльэгъуа?.. Езым хьэрф зэратх имыщІэ пэтрэ. КъэтщІа псори дызэпеуэу жеІэжырт.

ИтІанэ езым кьыджиІэнум дыпэплъэу дыщыст. Дэ тхылъым сыт кьыддэкІадами, школым сыт щІэуэ кьыщытщІами, ди анэм кьыджиІэм нэхъ гъэщІэгъуэнрэ удэзыхьэхрэ щыІэу тщІэртэкъым.

- АтІэ, Алим, тІэкІу-тІэкІуурэ дыхуэкІуащ нетІэ зи гугъу тщІа Іуэхугъуэм: сыт тщІэн хуейр, ди щІэблэм хабзэмрэ бзыпхъэмрэ ящІэу къэтэджын папщІэ?

- Уэзгугъур къогугъуж жыхуаІэраш - уегугъумэ, зебгъэлІалІэмэ, къогугъужынущ, къолІэлІэжынущ уи бныр. Ауэ уельэпауэмэ, къолъэпэуэжынкІэ тІэу епльынкым. Ар кьыщольэпэуэжынури дагъэщ жыпІэмэ, ущымэпльа дыдэм дежщ: уэ уи кьару имыльыж у, абы уухуэнкьуэу, езым и кьару имыльыжу. Абы уухуэнкьуэу, езым и кьару илъыгъуэу икІи кьыпхуэмыныкъуэж у. Мис абы щыгъуэщ ущыщІегъуэжынур, уи Іэфракіэм ущедзэкъжынур. УэзгэбэжІыжми, ульэмыІэсыжу жыпІэнущ: ей, бетэмал, сыту сыщыуа мыгъуэт...

ЦІыкІу щыкІэ сабийм хуэщІапхъэр хуумыщІэмэ, и щІыхуэ кьыптенамэ, хабзэрэ гущІэгъуэкІэ абы ущыкІэльыджэжын щымыІэу араш. Ауэ, иджыри зэ кьытызоГъэжэкрэ, анэр, адэр хуитщ я бныным езым я хьэл, я щэн, лъэпкъым и хабзэхэр халъхьну.

- ТхьэразэкьыпхухьУ, Алим, псалъэ узынщэ кьыджепІащ. Сигу кьэбгъэкІыжащ уи усэ сатырхэр:

ЦІыкІуу уи гум ибубыдар,
Дунейр бухьхукІэ
имыхун...

- АдэкІэ сэ кьыпысщэнщ:

Си анэм ноби и джэ
макъыр
Зэхэсхмэ, гъуэгур
жьжьэ схунт...

АФІЭУНЭ Рае,
УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

КІыщокъуэ Алим
Къуршхэр

Іуащхьэ зырызу бгыр къебжэкІ,
ІуащхьитІ зэхуэдэу яхэмыт.
Зым пшэр щхьэщыту кьыдокІуэкІ,
Зым дэкІыфауэ зылІ тхэмыт.

Зы къуршыр лъахъшэу
къыпфІэщІа -
Псым и къежьапІэщ, тельщи уэс.
Ди псыІу игъащІэм мыгъущІа,
И щыгу ихьакъым шу е лъэс.

Зыр дыгъэмыхъуэм щыбольагъу,
ДыгъапІэм итри нэхъыбэжщ,
Мыл джанэ щыгъмэ, уэс хущІагъу,
ДыгъапІэм итри гуфІэжу.

Поэтхэм хуэдэу бгыр къысфІощІ.
Зэхуэзэм, Іэджэм топсэльыхь.
Зым мащІэ Іъори и гур хощІ,
Зым и гъунэгъур пфІыхеськъхь.

Дунейр къутэжи, гъэувыж -
Зэхуэдэ къуршхэр пхуэмыщІын.
Уи Іуэху къимыкІмэ, щыгъэтыж,
УцІыкІумэ, лъагэ хэт уищІын?

***

Гъуэгуакъэ уафэр -
Гъатхэр шым шэсащ,
Щы щхъуантІэ шур щІихьауэ
Здынэсынум нэсащ.

КъуалэбзууитИи зэгъуэсу
Зы абгъуэ ящІу емыш.
Кърашыр уэрэд гуфІэжу,
Нэхущым тІури доуш.

Дунейр икъутэу псы цІыкІур
Нищхьэбэ сыту къиуа!
Ныжэбэ жэщым къешхакъэ,
Щыбли ныкэбэ тІэу уащ.

Си хадэм ипльэт, зыгъази,
ПльагъУ псоми уи псэр яхьэху.
Джанэ хужьыбзэр къыздикІыр
Балий гъэгъахэм я щэхущ.

Уи хьэкІэкъуэкІи къэушри,
Лъагэу тІысауэ мэкъугъ.
Арщ и уэрэдыр а щхъуэми,
Езыр къэкІуэну щогугъ.

А щхъуэр нэхъ лъэщым хурезэ,
ЗэрыфыщІынущ зыр лІэху.
ТекІуар лъоІэсыр зыхъуейхэм,
Егъэщыр джэгуурэ нэху.

Мо мазэ дыдэм кІэлъыплъыт,
И блыпкъ хужьыбзэр къыщІощ.
Ди Іуащхьэмахуи хуэгуфІэу
ЩІихьауэ бгым япэ йощ.

Гъатхэр къихьакъэ - и унэ
ЩІэзагъэ дэнэ къипхьи?
Сэ зытх дыдэр лъэщ мэхъури -
Бгым абрэмывэ дихьнщ.

Гъатхэм мыпабгъэр гъужащи,
Нэгъабэ уэсу текІащ.
Къэмыушыну жеящи,
Дуней гуфІэгъуэм пыкІащ.

***

Сыт кьохъулІэу угуфІами,
Уащыщакъым Тхъэр зэтам.
Уи гуфІэгъуэр мыгуфІэгъуэт,
Ныбжьэгъэр хэмытам.

Гузэвэгъуэ уихуэпами,
НыбжьэгъэгуфІым уегъэпэж.
ПщІащэ-пщІащэу
хъерыр кІуэдми,
Ныбжьэгъэу жыгыр кьыпхуонэж.

Уи щхьэ закъуэм, гъуэгур
хьэлъэщ,
Гъусэм гъуэгур кьегъэкІэщІ.
Уи нэщІэбжьэ лІым епхьалІэм,
Нэпс щІэбгъэкІми, кьыпхуелъэщІ.

***

Уи жэщи махуи имыІэххэу
Йожэх псы цІыкІур,
къуэм дэмыкІ.
Мывэ яхуэзэм, къапекІухьыр,
Е пшахъэуэ нэпкъым щІелъэсыкІ,
Нэхъ ин и псыІур ищІмэ фІэфІу.

И кІуэкІи хьэли имыхъуэжу
И уэрэд закъуэр щимыгъэт.
Псыпэм и лъагъуэм псыкІэр тету,
Пшахъуэ гуэрэнми гъуэгу щегъуэт.

Йожэх зэпытыр, ар мыжабзэ,
Архъуанэм хьэьи - псыр мыкуу.
Къимыгъэзэну псыр ежэхми,
Къэжэнум хуещІыр лъагъуэр куу.

Ди гъуазэ

КЪЫЩОКЪУЭМ и фэеплъыр щІэдгъэльэпІэн хуейр дунейм ехьжар абы хуэныкъуэру аракъым - абы хуейр дэращ. ПщІэ зыхуэтщІыпхъэм ар зэрагъэутэр зыльагъу щІэблэр фІым кьыхуэгъэушыныкІэ, хуегъэджэныкІэ хэкІыпІэ дэгъуэтэкъэ уи фІыр бгъэльэпІэныр? ЦІыхум дерс нэхъ кьызыхих хабзэр зэбгъэдалъэркъым - кьыбдильагъуращ.

Апхуэдэу зыщыщыткІэ, ди лъэпкъым кьыщІэувэ щІэблэр гъуэгу тэмэм теувэныкІэ щапхъэ хъунт Щоджэнцыкіу Алий, Кьыщокъуэ Алим, ТІыхъужь Алий, ДыщэкІ КІунэ сымэ хуэдэ цІыхуІхэуэхэм я цІэм, я пщІэм хуэфащэ гупытэ яхуэтщІтэжм.

Аращ сызэгупсысыр Кьыщокъуэ Алим и тхыгъэм седжжу, сыту жыпІэмэ апхуэдэ фыр яхэльщ абыхэм. Ар кьызыгурыІуэу Алим хуэдэлІэкъэр гъуаззэу зиІэхэм, абыхэм ещхь хъуным щІэхъуэпсу ядэпльейхэм я насыпщи, апхуэдэхэр куэду кьыштщІэхъуэмэ, езы усакІуэшхуэм и псэр зэрыгуфІэнум щэч хэльхьэм.

ЕлГъЭР Кашиф,
«Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ.

УІэгъэ мыкІыж

Дорогой Борис!

Посылаю скорокопию диплома о присуждении премии моим романам «Сломанная подкова» и «Вершины не спят». Полагаю, эти документы представляют интерес и для тебя, и для газеты. Поступай, как тебе совесть велит.

Я сам очень рад этому. Присуждение произошло неожиданно для меня. Но факт есть факт. Книга, за которую чуть не сожгли меня на костре, удостоилась литературной премии.

Думаю, что твои читатели будут удивлены, если на страницах твоей газеты увидят копию.

С приветом Алим.
29 мая 1996 г.

Дауи, дэ газетым теддзауэ щытащ дипломиж и копиер, хьыбар кІэщІ щыгъуу.

* * *

«Сэр щхьэкІэ Іэджэм Іэджэ жаІэ» щитхащ иужьрей дыдэ усэхэм ящыщ зым Алим. Пэжщ, жаІэ. Ауэ «жагъуэгу зимыІэу хэт тет дунейм?»

МЭЗЫХЬЭ Борис.



Кулиев Къайсын йодаІуэ. *1967 гъэ*

Псалъэмакъ гъэщІагъуэн. Хрущёв Никитэрэ КІыщокъуэ Алимрэ *1963 гъэ*

И анэ Куэз «Мывэ хуабэ» тхылъыщІэр ирегъэльагъу. *1964 гъэ*

КъБАССР-м и Унафэщ! Мэлбахъуэ Тимборэ ЩІыхь тхылъ кърет. *1984 гъэ*

ЗэныбжьэгъуфІхэр - Бэрбэч ХьэтІутІэрэ Алимрэ. *1962 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Гупсысэр - псалъэкІэ

УІэгъэ

УІЭГЪЭУ си гъащІэм ухэтщ. Сыт сщІэми, усхуэгъэхъужыркъым. Хущхъуэгъуэу, Іэзэгъуэу уэзмыхьэлІар укІуэдыж - сикІуэдыкІыным сынигъэсащ. АтІэми, Іэмалрэ хэкІыпІэрэ згъуэтыну къыщІэкІынкъым. Содэ сикІуэдыкІми, сыарэзыщ сыкъемылми, сыхьэзырщ щхьэузыхь зыпхуэсщІыну. ИтІани, уздэщыІэр къыс хуэхутакІэрэт! ІэпкълъэпкъыусиІэр щІэспщытыкІащ - укъысхуэгъуэтыркъым. Зибгуэшащ, затебгуэшащ Іэпкълъэпкъ псом - зыри Іыхьэншэу къэбгъэнакъым. ИтІани нэхэм уакъыхуэлъагъуркъым, запэщІэбгъахуэркъым. Ауэ сыту хуабжьу псэм укъытехьэлъэрэ! Арагъэнущ уэ хэщІапІэ пщІар. А тхьэмыщкІэм и махагъэмрэ и хеягъэмрэ дэни щыпщІэрэ т?! Хъунщ, адэкІэ къару сиІэжкъым - их закъуэ си акъылыр зэгуэзыуд, си лъэр зыубыд уІэгъэр си пкъым. Телъхьэ хузощІ узытегуплІа си псэри. Ежьэж, зыкІи си гуэныхь къызэрыптемыхуэм уи гур ирибгъэфІурэ...

дахэу зэгуэр щытауэ жыхуаІэ фызыжь, нэ утхъуаитІкІэ гъуэлъыпІэм къиплъым, си гур щІоуз. Моуи согупсыс: шэч хэмылъу, мыбы и насып Іыхьэр нэгъуэщІхэм яІэрыхьащ, ауэ нэсу, хэутэн ямыщІу къагъэсэбэпауэ пІэрэ? ЗэрымыщІэкІэ зыгуэрым и ІэмыщІэ ихьа а фІыгъуэм и уасэр Іупщ щыхъунт, цІыху гъащІэ ныбжь къриубыдэ зэман хъуауэ тхыцІэкІэ телъ а тхьэмыщкІэм и гущыщІэр зыхищІэн хуейуэ зэ нэхъ мыхъуми къыхуихуамэ!

Насып Іыхьэ

МЫ ДУНЕЙР плъыфабзу, нурыбзу зыухуам уэркІэ къыпича гъащІэ Іыхьэр сыту къуабэбжьабзу къыхихат. Быркъуэшыркъуэмрэ лъэпощхьэпомрэ я зэхуаку къыдиІущІыкІами ярейщ. Укъимыгъэщ!ыххэныр насыпышхуэу къэплъытэу, уи щхьэм щхьэнтэр ебгъэубэ зэпыту уекІуэкІыныр щІэнэкІалъагъэкъэ?! Зэтелъэфыжрэ зраупцІыжу лъакъуащхьэкІэ яутэ узыншагъэмрэ гукъыдэжымрэ ящыщ зы налъи гъунэгъу къыпхуэмыхъумэ, насыпыр уи бжэщхьэІум къэсыныр къэгъэнауэ, уздэщыІэ ІэшэлъашэмкъемыкІуалІэмэ, лъагъуныгъэм и курыхым дэнэ къэна, и Іуфэлъафэм улъэІэсыну къыпхуимыухамэ, гъащІэ хъужыр сыт?! Апхуэдизри щхьэ зыщебгъэІэжьэн хуей дунейм тезашэурэ тегъуэщыхьам? СыткІи сэбэп? СыткІи зэран?

Набдзэ зытелъым я нэхъ мыгурыІуэгъуэу, гуитІщхьитІ укъищІу, итІани мыбы зыгуэр хэлъщ. Илъэс зыбжанэкІэ егъэджакІуэу лэжьамрэ Іэхъуэу губгъуэм итамрэ суд пащхьэм щыхьэту щагъэувыркъым, жаІэ. АтІэ а лъэжыгъитІри зэдэууэ езыхьэкІым сыт хужыІапхъэ? ЛъэжьапщІэ къызыпэкІуэ псори лъэжьыгъэу зэрыщытым и закъуэкъым абы нэсу хузэхэмыгъэкІыр. АтІэ уи щхьэм къыхуэбзэуж пщІэм нэхъ пщІэ дунейм зэрыт емытри къыгурыІуэркъым, абы нэхъ лъапІэ цІыху гъащІэм къызэрыхыумыгъуэтэнур къыхуигъэтІасэркъым. Дауэ-тІэ ар зэрыегъэджакІуэр?! Хьэмэрэ мыегъэджакІуэрэ?!

И цІэр зыфІещыж

«УБЫЛЫМЩ, губгъуэм хъуакІуэу итым нэхъыбэ къыгуроІуэ, уэр нэхърэ», - башыр игъэдалъэу, и псэлъэгъур зыІуригъэлъэдэным хуэдэу щхьэщытщ егъэджакІуэр и гъэсэным. Жагъуэ пщымыхъуу къанэркъым, ІэщІагъэ псоми нуру къахэщыпхъэ егъэджакІуэ лэжьыгъэм фагъуэ, пшагъуафэ къытезыгъауэ а псалъэхэр щызэхэпхкІэ. Апхуэдэ псэлъэкІэм уи гум мы гупсысэхэм плъэмыкІыуи зыщрагъэшэщІ: «Хьэм и цІэр зейм фІещ, цІыхум и цІэр езым зыфІещыж». И акъыл хунэмыскІэрэ зыфІищыжа цІэр хуэфащэ дыдэт абы, екІупсуи ІэщІэлът и Іэхъуэ башыр. Ауэ мыгурыІуэгъуэу, гуитІщхьитІ укъищІу, итІани мыбы зыгуэр хэлъщ...

ЖАМБЭЧ Рабия.

●Адыгэ шхыныгъуэхэр

Пэлъхъо

ГУЭДЗ хьэжыгъэр тепщэчышхуэм ираухуанщІэри, и кур кърагхъу, пщагъэ, шыгъу, фошыгъу, джэдыкІэ цІынэ, содэ зыхэлъ псы хуабэ иракІэ. Сэхуран дагъэ щІапщэурэ тхьэвыр джафэ хъуху япщ, хъыдан трапхъуэ, хуабапІэ ягъэуври, тэджын щхьэкІэ, сыхьэтрэ ныкъуэрэ-тІукІэ щагъэт. А зэманым къриубыдэу тхьэвыр тІэу-щэ щІапщэ.

Тхьэвыр Іыхьэ 15 - 20 хъууэ зэпаупщІ, ахэр хъурейуэ яху, я Іувагъыр мм 3 - 4 хъууэ. Тхьэв яхуам щыщ зы тхъу зыщыхуа тебэм хуэфІу иралъхьэри, и щІыІум тхъу щахуэ, чыщмыщ, фошыгъу пІащІэу тракІутэ. Тхьэв яхуар яухыху апхуэдэурэ тебэм иралъхьэ. И щхьэ дыдэм телъынур адрейхэм нэхърэ нэхъ ину ящІ. Абыхэм я кІапэхэр джэдыкІэ цІынэкІэ зэтрагъапщІэ. А псори зэфІэкІауэ хьэкулъэм щрагъэувэкІэ, тхьэвыщхьэм тхъу щахуэ, гуахъуэкІэ щІыпІи 6 - 7-м гъуанэ щащІ, и лъабжьэ дыдэм нэмысу. Апхуэдэу щІащІыр щыжьэкІэ къэмыпщын щхьэкІэщ. Абы и ужькІэ тебэр хьэкулъэм дакъикъэ 18 - 20-кІэ ирагъэт.

Хьэзыр хъуа пэлъхъом, тебэм кърамыхыу, псы щІыІэ тІэкІу щІакІэ, и щхьэфэми щахуэ, тебащхьэр занщІэу трапІэжри, щабэ ящІын щхьэкІэ дакъикъи 10-кІэ щагъэт. ИтІанэ ІупщІэурэ зэпаупщІри, тепщэчым иралъхьэ. Нэхъыбэу фошыгъу шейм драф. ІэфІщ, шхыгъуафІэщ, къэуатщ.

Халъхьэхэр: гуэдз хьэжыгъэу - г 550, псыуэ - г 200, содэу - г 3, шыгъуу - г 2, джэдыкІэу - 1, пщагъэу - г 10, щапщкІэ тхьэвым халъхьэ фошыгъуу - г 40, тхьэвыр зэрыщІапщэ сэхуран дагъэу - г 40, тхьэв пІащІэм щахуэ тхъууэ - г 200, чыщмыщу - г 300, тебэм щахуэну тхъууэ - г 10, фошыгъуу - г 100.

Хьэлыуэ фІыцІэ

ШЫУАНЫМ тхъу иралъхьэри ягъэткІу, бэлагъкІэ зэІащІэурэ гуэдз хьэжыгъэ хакІутэри, мафІэ цІыкІум тету дакъикъэ 25 - 30-кІэ ягъажьэ. Хьэжыгъэ жьар зэкІэрощэщ, шыуаным къыкІэрыпщІэркъым, дыщафэщ. Тхъум хакІута хьэжыгъэр жьэху, фошыгъупсри ягъэхьэзыр: псым фошыгъу хакІутэри, дакъикъэ 15-кІэ къагъавэ, языж. ИтІанэ хьэжыгъэ жьар мафІэм къытрахыж, бэлагъкІэ зэІащІэурэ абы фошыгъупс пщтыр хакІэри, фІыуэ зэхапщэ. Хьэлыуэ пщтырыр тхъу зыщыхуа Іэнэм тралъхьэ, я Іэр псы щІыІэм хащІэурэ хуэплІимэ щІыкІэу яубэ, и Іувагъыр см 2 хъууэ. Хьэлыуэр псынщІэу яубэ, ауэ я Іэр куэдрэ псыф ящІмэ, хьэлыуэм и щхьэфэр цІынэ хъунущ. Хьэлыуэ убар зэпэплІимэ цІыкІуурэ сэкІэ зэпаупщІ. Хугу хьэлыуэм нэхърэ мыр нэхъ шхыгъуафІэщ. Хуабэуи дияуи яшх.

Халъхьэхэр: гуэдз хьэжыгъэу - г 435, тхъууэ - г 140, фошыгъуу - г 300, псыуэ - г 250.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Сэ щІымахуэр фІыуэ солъагъу.
Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

●Фэ фщІэрэ?

КъэкІыгъэцІэхэр

МэракІуапцІэ - ежевика
МэракІуэІэрысэ - клубника
МэракІуэнэпцІ - лапчатка
Мэхъычплъыжь - гвоздика
Мэш - просо посевное
Мей - яблоня лесная
Мы - плод яблони дикой
Мывэлыц - крупка моховидная
МывэмэракІуэ - костяника
МывэхэкІыкІ - камнеломка
Мылъхуэгын - ятрышник
Мысырбжьэхуц – хлопчатник египетский
МышхумпІэ - желудь
Мыщэбжьыныху - лук медвежий
МыщэмэракІуэ - малина
Буша
Мыщэлъэгу - калужница
Мыщэхупщей - рябина
Мыщэхупщ - плод рябины
Нагъуэ - душица обыкновенная
Нартыху - кукуруза
НатІэфоч - дурман обыкновенный
Нащэ - огурец посевной
Нащэгъэбагъуэ - соя
НащэгъэфІэІу - укроп огородный
Нэмэзщыгъэудз - воробейник
Нэрат - хвоя
Нэратей - тис ягодный
Ныбгъуэжьауэ - полынь метельчатая
ПащІэІуантІэ - вика
Пэлъауэ - лютик.

ТІАЛИБ бэзэрым кІуащ. Абы щища кІэртІоф къэпищым къыщІэкІар ирифри, и ныбжьэгъу гуэрым и деж къыщынащ. И ныбжьэгъум деж нэху къыщекІащ, и щхьэри абы «щищІыжащ». Шэджагъуэ нэужьым аргуэру Іурихри, пшапэр зэхэуэху къэушакъым. Ар я унэ щекІуэлІэжар кІыфІ хъуауэщ. Куэбжэм уву езым и цІэр жиІэурэ щыджэм, и щхьэгъусэр къыщІэкІри:

- Хэт ар? - жиІащ.
- ТІалиб дэс, - жи макъыр нэгъуэщІ ищІауэ.
- Хьэуэ, дэскъым.
- Дэнэ щыІэу пІэрэ?
- Алыхь, дымыщІэ. Дыгъуасэ бэзэрым кІуати, къэкІуэжакъым, дэри догузавэ, дызэупщІу хъуам ямылъэгъуауэ жаІэ, - къыхуеІуатэ фызым и гурыгъу-гурыщІэр.
- Езыра фыщІэгузавэр хьэмэрэ кІэртІоф уасэра?
- Езыращ, на, ахъумэ кІэртІоф уасэр сытым щыщ. Ахъшэр зэпыту укІуэ, и щхьэр диІэжащэрэт... Ухэт уэ езыр?
- АтІэ ахъшэмкІэ укъызэмыупщІ, си щхьэр мис, къыпхуэсхьыжащ, - жиІэри пщІантІэм дыхьэжащ ТІалиб.

●ГушыІэ

АхъшэмкІэ укъызэмыупщІ

ЖЫЛАУ Нурбий.

●Нэщэнэхэр

Шыгъур гъущІэмэ...

■Умысымаджэу сымаджагъэ зытепІуэну фІыкъым.
■Хьэкъущыкъу къута зэрахьэртэкъым. Хьэкъущыкъу ныкъуэкъутэкІэ ушхэну фІыкъым - уи тІасхъэр къыщІощыж жаІэрт.
■ХьэщІэ къыщІыхьауэ унэ япхъэнкІыртэкъым.
■ЦІыхур жей гуащІэм хэту зыгуэр къеджауэ къыщыхъуу къэушмэ, насып къэкІуам зыкъригъэщІауэ аращ жаІэрт.
■Шыгъур гъущІэмэ, уэфІ нэщэнэу къалъытэрт.

●Хъуэхъу

Гъудэ Даринэ и ныбжьыр нобэ илъэси 5 ирокъу

Ди псэ, ди нэ,
КъэбгъэщІэну гъащІэшхуэ
Къохъуэхъу дадэшхуэ
Укъыщалъхуа махуэмкІэ.
Упсэу, пщащэ псоми уефІэкІыу,
Ди Дыгъэ цІыкІу,
Ухуэмыныкъуэу зыцІыкІу!

УЭРЫШ Нурхьэлий.

Псалъэзэблэдз

ИхъуреягъкІэ къикІухьу: **1.** Транспорт лІэужьыгъуэ. АбыкІэ Америкэм е Японием укІуэфынукъым. **2.** Къуажэдэсым и гъавэ, ерыскъыпхъэ хъумапІэхэм ящыщ зы. **3.** ДинщІэкъум … иІыгъ хабзэщ. **4.** Гуэгушыхъум, къазыхъум я пщэм тет пшэрыпІэ. **5.** Пэжи, пцІыи, цІыхубзхэм я нэхъыбэм уи … епхьэлІэ мыхъуну, яхуэмыбзыщІыну жаІэ. **6.** Къуажэм зэрынэсу шуейм нэхъ … зищІащ. **7.** НапІэзыпІэ. **8.** ХьэщІэ лъапІэм хуаукІ Іэщ. **9.** Шхынхэлъхьэ. **10.** Мэш хьэуазэ. **11.** Щхьэгъусэ къэзышам и благъэщІэ. **12.** Уэд, гъур. **13.** Блэм, шындырхъуом я псэупІэ. **14.** Ди щІыналъэм щыІэ псыежэх. **15.** Гъавэ, хьэжыгъэ хуэдэхэр зэрызэрахьэ. **16.** Адыгэ шууей зауэлІым бий зытхух къыкІэлъыпхъэрати, … къыщыхъуакъым, псори зэтриудащ. **17.** Іуащхьэм, бгым я лъагапІэ. **18.** Къуажэ пщІантІэм дэт унэ, къуэдзапІэ. **19.** Тундрэм щыкуэд псэущхьэ, шым ещхьу щІащІэу. **20.** ІуэхукІэ нэгъуэщІ къалэ кІуэхэр къыщызэтеувыІэ хабзэ унэ. **21.** НэщІ исым и пщэдджыжьышхэ. **22.** Бостеяпхъэ, гъуэншэджыпхъэ. **23.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ художник. **24.** Сымаджэм и … макъ къэІуащ. **25.** Къэрал … и пщэ дэлъу, президентыр хамэ щІыналъэ кІуащ. **26.** Жыг имыту мэзыкум иІэ щІы нэщІ. **27.** Къуажэм теуа бийхэм … лъэпкъ яІэтэкъым. **28.** МахуэцІэ. **29.** УзыщІэупщІам къыпадзыж хабзэщ. **30.** Куэд, къолыж. **31.** ЦІыхум Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ сату щІыпІэ. **32.** Шы «вакъэ». **33.** НэкІум, щІыфэм иІэ зэлъагъэ. **34.** Къыщалъхуар мыхъуу, нэгъуэщІ щІыпІэ щыпсэу цІыху. **35.** Зыгуэрым щебгкІэ щыжаІэ щыІэщ « … мыгъуэм хуэзэн!» **36.** Школым фІы дыдэу еджэм ар хуагъэув хабзэщ. **37.** Ди къэрал ныпым и плъыфэхэм языхэз. ЦІыхухъум къигъэсэбэп хабзэ Іэмэпсымэ (куэсэуэ щымытмэ). **39.** А лІыр апхуэдизкІэ хьэтырыншэщи, игъащІэм и … зы цІыхум екІакъым. **40.** … зиІэм кІэи иІэщ. **41.** Мэл зыхэвэ нэхърэ - … зыхэпкІэ **42.** Сабийхэр джэдум апхуэдэуи йоджэ. **43.** Дунейр хуабэвэхыу жьы лъэпкъ къыщемыпщэ зэман. **44.** ПсэупІэхэм пэщІэха, жыгхэм яуфэбгъуа щІыпІэ. **45.** МашинкэкІэ тедза хьэрф. **46.** Зэхьэзэхуэм щытекІуэ предприятэхэм, колхоз-совхозхэм ирату щыта ныпышхуэ. **47.** ХадэхэкІ. **48.** УимыІуэху зепхуэмэ, уи щхьэм къытехуэнкІэ хъунущ. **49.** Район, къалэ, псыежэх. **50.** Ху къызыщІаІукІ къэкІыгъэ. **51.** … Іуданэ е бэлътоку. **52.** Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. **53.** Псы фІей ина. **54.** ЩоджэнцІыкІум и цІэкІэ щыІэ драмтеатрым и джэгуакІуэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ. **55.** Бжьэхуц зыдэлъ щыгъын дыта.

И кумкІэ кІуэуэ: **2.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар адэжь щІэинщ. **3.** Пщэдейрей … нэхърэ - нобэрей бзу. **4.** МахуэцІэ. **5.** Бийр дзэшхуэ хъууэ къащытеуэм, жылэр … ихьэжащ. **6.** Джэдкъазым, къуалэбзум я шхын зекІуапІэ. **9.** Іэпслъэпсым щыщ. **10.** Автомашинэ къэзыщэхуам жраІэ хабзэщ: « … угъурлы тхьэм ищІ». **11.** Шэджэм куейм хиубыдэ къуажэ. **12.** Набдзэ … . **13.** Уеплъмэ - …, уеджэмэ - дэгу. **16.** Гъэсыныпхъэ. **17.** Губгъуэ лэжьакІуэхэм яхэмысу бригадирыр машхэ, … зищІауэ. **18.** Гу пІейтей зиІэ, емызэшыж. **19.** ФІэхъус папщІэу щхьэр мащІэу зэрагъэщхъым апхуэдэу йоджэ. **20.** ПІалъэкІэ къагъэсэбэпын папщІэ ят е къыІах Іэмэпсымэ, хьэпшып гуэр. **22.** И унафэщІым «пыІэ къэхь» къыжриІамэ, ар къэзыхьыну хьэзыр щыІэщ. **23.** Ар щІэпым къыхах. **24.** Лэжьэн зи жагъуэ, хуэмыху. **25.** ЦІыхубзхэм къыздрахьэкІ хабзэщ, зрагъэдахэу. **26.** АдакъэщІэрэ … пІастэрэ.

Гу зылъытапхъэ. ИхъуреягъкІэ къэзыкІуэх псалъэхэм зым и кІэухыр къыкІэлъыкІуэм и щІэдзапІэщ. Щапхъэ: джэд - дэгу - гуэгуш.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



ЩІышылэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ИхъуреягъкІэ къикІухьу: 1. Бжэгъу. 2. Гъуэжь. 3. Жьэгу. 4. Гуэщ. 5. Щыщ. 6. Щихъ. 7. Хъарып. 8. Пыжь. 9. Жьэгъу. 10. Гъуэт. 11. ТекІ. 12. КІыгу. 13 Гуэрэн. 14. Нухь. 15. Хьэл. 16. Лыжь. 17. Жьыху. 18. Хугу. 19. Гуэл. 20 Лэгъуп. 21 Пут. 22. Тау. 23 Уэгу. 24. Гуэдз. 25. Дзы. 26. Сэмб. 27 Бырыб. 28. Бейрут. 29. ТкІуэпс. 30. Саур. 31. Рим. 32 Мэкъу. 33. Къуэн. 34. Нып. 35. Псэлъэгъу. 36. Гъуэз. 37 Залым. 38. Іэдэб. 39 Бэдэху. 40. Хуэш. 41. Шэнт. 42. Тхьэгъэлэдж. 43 Джэгу. 44 Къуэдз. 45. Дзыхь. 46. Хьэх.

ИкумкІэ кІуэуэ: 2. ГъукІэ. 3. Жьыбгъэ. 4. Гуартэ. 5. Щыблэ. 6. Щай. 8. Пэу. 9. ЖьыкІурэ. 10. Гъуаплъэ. 11 ТхакІуэ. 12. КІыр. 14. Нэм. 15. Хьэкъурт. 16. ЛантІэ. 17. Жьапщэ. 18. Хукхъуэ. 21. Пшэ. 22. ТхэкІэ. 23. Унагъуэ. 24 Гупыж. 25. Дзэ.

●ЖыІэгъуэхэр

Хуэмыхур гъуэгу темыхьэ щІыкІэ къытонэ

♦ Хахуэр утыку щыщабэху, щабэм утыкур иІыгъщ.
♦ Хэкужь пщІыхьым хамэщІ ущигъэжейркъым.
♦ Хэплъыхь псори Іыхьэншэкъым.
♦ ХэІущІыІу умыщІынум зегъэпІий.
♦ Хэти бзэгупэм телъщ, хэти бзэгупэм тесщ.
♦ Хэти укІытэр къытокІуэ, хэти укІытэм токІуэ.
♦ Хэти щІалэщи делэщ, хэти делэщи щІалэщ.
♦ Хэти шы дахэ мыжэщ, хэти шыд жэрщ.
♦ Хэти щыуагъэ ІэщІокІри, хэти щыуагъэм къыІэщІокІ.
♦ Хэти фІыщІэ къыпхуищІынщ, хэти ІупщІэ къыпхуищІынщ.
♦ Хуэмыхур гъуэгу темыхьэ щІыкІэ къытонэ.
♦ Хуэмыхур игъэІуэхутхьэбзэщІэн хьэщІэ пэплъэ зэпытщ.
♦ Хьэм хэсурэ хур Іуахыжащ.
♦ Хьэпшыпыр лъапІэху, тыкуэнри нэхъ жыжьэщ.
♦ ХьэщІэр шхамэ, бысымхэр бжэм йоплъ.
♦ Хьилэшы и мурад тІорысэ хъуркъым.
♦ Хьилэшы Іуэхутхьэбзащ Іэ и куэдщ.
♦ ХъуэнкІэ щІэзыдзэ хъуэхъукІэ ущымыгугъ.
♦ Цlыхубз зыщІэмыс унэр зэщІэкІэжа хадэщ.
♦ ЦІыхум хуумыщІам хуэдэу хуэпщІар иІуэтэжамэ арат.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

ИУАН Владимир

* * *
Уэ гущІагъщІэ лъхэр сэ пху эзмыІуэ тэфми,
Пхуехъумэр абы куэду гухэлъ ІэфІ.
ІэфІагъ бжесІэну лэгъунэбжэр Іусхми,
Си жьэм фэрыщІу псалъэ жимыІэф.
Пху ахъумэ гурылъ, зыр-зым дэбэгъу эжу.
Си нитІ хъумакІуэр уэ къыпхуогумэщІ
Си гухэлъ жьэгум укъысфІедыгъуэ жу,
Гурылъ пэж пхуилъыр уэ сфІумыгъэкІуэщІ.

* * *
Хамэм и быныр пщохъур гъэсэгъуафІэ,
Абы и дагъуэр хэткІи нэрылъагъущ.
Ауэ езыхэм я бын я бгъэм щагъафІэм
Еплъыт яжеІи ящІэу зэранагъ.

Зэ гъащІэ: бжьиблкІэ мауэ цІыху лІэужьыр.
Ар бын щыбгъасэм хъункъым пщыгъупщэж.
Армырмэ, щхьэпэу фІынкъым уи лъэужьыр, -
Банэм и лъабжьэм банэ къыщІокІэж.

* * *
Сэ слъэкІынкъым фІыуэ зыр слъэгъуауэ,
Нэгъуэщlым фэрыщІу Іэплlэ есшэкІын,
Си гум хуилъыр пцІыкІэ згъэбзэгъуауэ,
И нитІым сыщІэплъэу нэгъуэщІ къесшэкІын.

* * *
Илъэсхэр макІуэ сакІэ лъыплъу,
Мазэ блэлъэтхэр абы хощІ.
Маху эщІэ къэкъ ухэм сах укъу эплъу,
СакІэщІэмыхьэурэ мэкІуэщІ.

Дуней гуфІэгъуэр къызэзытыр
ПщІэнтІэпс хьэлэлым къыпэкІуэжырщ.
Аращ мы си щхьэм сыщІыхуитыр -
Къэзлэжьыр ІэфІу зэрысшхыжырщ.

* * *
Къэсщтауэ соуэ шыкІэпшынэм,
Си щэхухэр лІыкІуэ ныпхузощІ,
Гум къисх си псалъэм ущышынэ у
Уи г ущІэм и бжэр зэ хуумыщІ.
Ди псыхъуэр къожьэ зиущэхуауэ,
Ар уи лъэ макъым ныщІодэІу.
Зей Іуащхьэ и тхым сиуауэ,
Укъис хуихьыну Тхьэм солъэІу.

●Псалъэжьхэр

Гум илъыр фэм къеІуатэ

✱ Абрэмывэрэ пэт зы пІэм илъкъым.
✱ Акъылым и анэр гупсысэщ.
✱ Бгым ущыхунумэ, шхийми уегъэлъэпэрапэ.
✱ Гум илъыр фэм къеІуатэ.
✱ Дэтхэнэ зыми чэзу иІэщ.
✱ Джэдым зэрыфІагъэжыну сэр къеулъэпхъэщ.
✱ Жьэр щхьэм и лІыкІуэщ.
✱ Куэдрэ щыта махъсымэр къыщеху.

●Къуажэхьхэр

Вакъэ лъапэ кІыхьу мэз щІыхьэрей

♦ Ар уимыІэу зыри пхужымыІэ.
♦ Бжыхьэм ягъэтІылъу гулъ къыщищІым къащтэж.
♦ Вагъуэм зэпымыууэ пшэ къытрелъафэ, трелъэфыж.
♦ Вакъэ лъапэ кІыхьу мэз щІыхьэрей.
♦ Ди бжэгъу щхьэкІэ джэдыкІэ хужь цІыкІу пысщ.

Жэуапхэр:

Бзэгу. Хьэмфlанэ. Нэ, напlэ, lэжэ, Ухэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленинным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Мариннэ, *сурэтхэм елэжьар* Биц Жаннэщ.

Номерыр “Адыгэ псалъэм” и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.922● Заказ №151